Кеңесбай Рахманов

# УРЫНЫ ҚАРАҚШЫ БАСТЫ

**Еки бөлимли бес картиналы, пролог ҳәм эпилогтан ибарат трагикомедия**

Ўақыя бизиң күнлеримизде болып өтеди

Нөкис-2010 жыл

## Пролог.

Сахнада еки мазар қатар турады. Биринشиси оғада әшакойлеп салынған. Оны салыў ушын көп шығынның сарыпланғаны мәлим болып тур. Екин мазар әпиўайы, бирден көз тартарлық емес.

Перде ашылғанда, усы еки мазардан басқа адам көринбейди. Еки мазардан шыққан еки сулдердиң, гуңиренген даўыслары еситиледи. Биринши ҳәм екинши.

**Биринши** -Енди рухыма тынышлық бергил?
Жетер тириликте зәҳәр шашқанын.

**Екинши** -Еле питкеним жоқ...
жердиң үстинде,
Қалды шақаларым жапырақ жайып.
Олар куни питип қуурағаны менен,
Досқа отын болар жылытыў ушын.
Нәрестеге болар бесик ҳәм адақ арба.
Ал, ғаррылар ушын ҳаса болады.

**Биринш** -Олар душпан ушын не болар екен?

**Екинши** -Табыты болса ҳәм қуўанар душпан.

**Биринши** -Сен аттан түссенде түспепсең ерден,
Жоқ енди барин умыт тири гездеги,
Мәртебе, абырай, даңқ дегенлерди.

**Екинши** -Мен жүрген жол менен келер әўладлар,
Арасында барман. . .

**Биринши** -Бар емишсең?
Олар қәбирине топырақ шашып,
Жүз қәдем кетиўден-ақ умытқан сени.
Болмаса басына салмаспа еди?
Меники қурақым бир саўлатлы жай?!

**Екинши** -Тулпар туяғына жарасар шабыс,
Бүркитлерге шынлар басы жарасар,
Мәртлерге жарасар гүрес ҳәм мийнет,
Ал, саған . . .
Ал саған, ҳарамнан жыйған,
Қараң қалғыр мал мүлк ғана жарасар.

**Биринши** -Күнлей бер, бәри бир сап болған жансаң,
Енди сестиң шықпас гөриңнен тысқа.

**Екинши** -Салма жатқанларға ала-гадалық,

| | |
|---|---|
| | Аўзымды қыздырма, Алламбай шайтан! |
| **Биринши** | -Мәрт болсаң лақапты айтпа бул манда, |
| | Үстин тырнай берме гөне патлақтың? |
| | Балам мен ушын нешше мың шашып, |
| | Бир әўлийе салыўға қүдирети бар. |
| | Әттең журттан бөлек турыўда уят . . . |
| **Екинши** | -Уят?! Сен қашан үйрендиң буны? |
| | Бәри бир сен журттан бөлек адамсаң, |
| | Ал мен халқым ушын жасадым мудам. |
| | ҳәм мийнеткеш болдым пал ҳәрресиндей, |
| | Досларға пал бердим, душпанларға уў. |
| **Бириннши** | -Халық саған не берди тирилигинде? |
| | Әндамлы имаратта салып бермеди. |
| | Ал енди әўлийеде мынаў турысың, |
| | Келте пәмлик етпей сыйқына қара! |
| **Екинши** | -Тирилер қайдасыз? |
| | Сизлер гүресиңлер мениң ҳақыма. |
| | Басыма гүмбезли мазар салмаңлар, |
| | өкпем жоқ сизлерге. . . |
| | гөримде ҳәз етип уйықлайын енди. . . . . |
| | (еки сүлдерде мазарға кирип кетеди) |
| | Свет өшеди |

## БИРИНШИ БӨЛИМ, БИРИНШИ КАРТИНА.

**Бир саўда мекемесиниң баслығы Тасполат Алламбаевтың үйи. Жаз күнлерининңбири. Үйдиң алдындағы терассаның иши,әндемли үскенеленген. Ҳәзирги күнниң дәскелери. Диван кроватта Тасполаттың ҳайалы, Улпери уйықлап атыр. Телефон қайта-қайта шырылдайды. Улпери кербазланып орнынан зорға турады.**

| | |
|---|---|
| **Улпери** | -(телефонға баратырып) Шаңқай түсте шырылдап қалғыр ким екен бул? (турбканы көтереди) Алло! |
| **Телефондағы даўыс** | - Улпери жеңгесизбе? |
| **Улпери** | -Аўа мен |
| **Телефондағы даўыс** | - Тасполат аға келген жоқпа? |

**Улпери** - Ағаң еле келмей атырғой.

**Телефондағы даўыс** - Мен Шериниязбанғо.

**Улпери** - Ҳее, Қәйним сенбединң? Көринбей кеттиңғой?

**Шеринияз** -(трубкада) Тасполат ағам курортқа акетпедиме?

**Улпери** - Ҳее ағаң курортына акетпеди ғой. Тоғайға отын арқалап бараманба-деп. (күледи)

**Шеринияз** -(трубкада) Сиз не дедиңиз?

**Улпери** -Не дейин, бизде бул жақтың шөп шеги менен күнлетермиз қәйним!

**Шеринияз** -(трубкада) Әй бир жумыслар менен

**Улпери** -Бизден питетуғын болса тартынбай айта бер.

**Шеринияз** -(трубкада) Қасында адам жоқпа?

**Улпери** - Бир өзимғой. Дем алып атырман.

**Шеринияз** -(трубкада) Онда телефонда қолайсыз болар. Ҳәзир бараман.

**Улпери** -Яқшы болады (трубканы орнына қояды) Аўлағында бир келсеңши Әўезим. . . Эҳ он сегизим. . .

Қайларға кеттиң? Қанша жигитлер изимде бир күлкиме зар болып жүрер еди. . . Тасполат, Тасполат! Мени сениң ақшаларың қызықтырмағанда, мине деген жигиттиң қостары болмаспа едим.

Ал енди сен. . .ылай дингектен айырман жоқ бир бәлесең. Пилем совхоздың тас буғасындай ийкемге келмейсең. . . (мойны салбырап баласы Нурполат киреди.)

**Нурполат** -Мама!

**Улпери** -Ҳаў, жаным! Неге үскиниң қуйылып кетти? Аманлықпа?

**Нурполат** -Қулап қалдым.

**Улпери** -Қулап? Көзиңе қараңқырап жүрсең болмайма балам? Бир жериң жарақатланған жоқпа?

**Нурполат** -Тух! Экзаменнен қулап қалдым деймен.

**Улпери** -Ҳә солайма? Ким сени қулатып жүрген? Маған атын айт сөйлесип. . . еки аяғын бир етикке тығып қойайын.

**Нурполат** - Баяғығой:-кириў экзамениненде қулатып кейнинен қойып берген муғаллимше? Алым Адамбаевич деген.

**Улпери** -Солайма? Ҳимм, Адамбаевичинди адам етпесембе (телефонның дискасын таўлап сөйлеседи.)

Алло, Адамбаевичтиң квартирасы ма? Алымбысаң, я залымбысаң?

**Даўыс** - Ким боласыз танымадым?

| | |
|---|---|
| **Улпери** | -Мен Нурполаттың мамасы. |
| **Даўыс** | -Ҳэ,э,э. . . |
| **Улпери** | -Эй шырағым Адамбай ағаның баласы, сениң менен сондайма едикЎ Бизиң жалғыз баланың не жазығы болып еди? |
| **Даўыс** | -Баланыз сабағынан билмейди. |
| **Улпери** | -Я?! Нени билмеди? Оқытқан балларыңның қайсысы аўзы менен қус алып атыр қәне? Сен өйтип айға шапшый берме? Сен қулатқан менен қулатпайтуғынларды таўып алармыз, тек сениң бүйректен сыйрақ шығарғаның қалар. . . |
| **Даўысы** | -Өкпеңизди басың женге. |
| **Улпери** | -Не,не. . . Ҳәй өйтип. . .(трубкадан қысқа гудок еситиледи) Ҳаў, мынаў не қыладай,трубканы басып қойды ғой ширкин. . . |
| **Нурполат** | - Мама онша қаттыға кете бермегенде де болады. |
| **Улпери** | -Не болды? Бул қусағанлар қорқпаса сыйламайды. |
| **Нурполат** | -Қорқытқаның усыма? Онда телефонның трубкасын қорыққаннан таслап жиберген шығар? |
| **Улпери** | -Сениңше не қылыўым керек еди? Я пышықтай мыяўлап жалынып турайынба? Яқ, жаным сениң маманң жалыныўдан өтискен адам. Қасарысқан жеримнен қан алмай қоймайман. Аўўа! Сол майда-шүйде менен ырылдасып отырман ба? Үлкенине айтаман, қуласаң бийиктен қула деген.(тағы телефон номерин тереди.)Алло! Саламатсыз ба? |
| **Даўыс** | -Саламат болың |
| **Улпери** | -Нурым Турымбетовичпе? |
| **Даўыс** | -Аўа сизди танымадықғой? |
| **Улпери** | -Мен Улпери Калкановнаман. |
| **Даўсы** | -Танымадым. |
| **Улпери** | -Танымағаны калай? Тасполат Алламбаевтағы жеңгеңмен. |
| **Даўыс** | -Ҳе,Улпери жеңгей екенсизғой? |
| **Улпери** | -Енди таныдыңба? Хе солай болсын. |
| **Даўыс** | -Уй ишлери саўма женге? |
| **Улпери** | -Шукир,шукир! Ал шырағым бизиң Нурполатжан бир сабағынан кулап калыпты. Алым Адамбаевич деген бир жетпегирин бар екенғой. . . . Усы баланың исин онғарып жибересең женгем дейтугын болсаң.. |
| **Даўыс** | -Мен буған араласа алмайман. |

| | |
|---|---|
| **Улпери** | -Араласа алмайман дейсеңбе? Араласқанда не мурның пуштыйып калама? Бюрократлық де генем жониииииии Яқшы көрермиз.(трубканы орнынан кояды). Буннанда нан писпеди. |
| **Нурполат** | -Пай папамның жоқлығын айтса? |
| **Улпери** | - Ол тандырын шыққырда бизлер бул жақта нан сорпа болып атырганда қара тениздиң жағасында карнын сыйпап жатырған шығар. Карнына биз өкше туфли қадалғыр. |
| **Нурполат** | -Енди не кыламан. |
| **Улпери** | -Қыйнала берме балам илажы болар. Холодильниктиң ишинде тауықтың гөши бар ауқатланып алағой. |
| **Нурполат** | -Иштейим жоқ. Мама маған машинаның гилтин бер. Досларым менен қыдырып кайтатуғын едим. |
| **Улпери** | -Шифонердиң тартпасында шығар.Каякка бармақшы единлер? |
| **Нурполат** | -Пай, мама деймен ау, ержеткен баланың кайда баратуғыны менен не жумысың бар. Болажақ келининди кыдыртып кайтаман. |
| **Улпери** | - Болажак келин? Ол ким жаным кимниң кызы? |
| **Нурполат** | -Бул хаккында кейин сөйлесемиз. (гилтти тауып әкеледи). Ал мен бос кете беремен бе? |
| **Улпери** | -Тағы не керек? |
| **Нурполат** | -Билип турып сорағанынды койса мама? Ақша бермейсеңбе? |
| **Улпери** | -Болама? |
| **Нурполат** | -Буны не кыламан? Пай мама сенде сықмар болып кеттиң ау? |
| **Улпери** | -(тағы он манат береди) Енди болар?. . . . Кешеде тәуирақ ақша алып един ғой. |
| **Нурполат** | -Кешегини айтқаны неси? (ақшапларды калтасына салып). Папам келген соң көрерсең! |
| **Улпери** | - Мә, сениң ақ көзиң тоймадығой. (тағы береди) |
| **Нурполат** | -Енди арқайынлау кыдырыуға болады. Яқшы онда. (кетеди) |
| **Улпери** | -Хау бул бала бизден рухсатсыз келинди ғамластырып жургенбе? Бул жери әнтеклеу болмаспа екен? Бизге ылайық адамның кызы болмай шықса? Маңлайымыздың ашылмай калғаныда. (Шернияз келеди) |
| **Шернияз** | -Ассалаума-әлейкум! |

**Улпери** -(орнынан ушып турып) Тасбақаға минип келдиңбе?

**Шериния** -Кеширерсиз женге, машинам менен ақ киятыр едим. Жолда бир таныслар ушырасып, иркилиңкиреп қалдым.(столға отырады.)

**Улпери** -Аўқат пенен қалайсаң. . . Ишим писип. . .

**Шериния** -Аўқатланып келдим. Тасполат ағамның келмегени шатақ болдыда. . .

**Улпери** -Неси шатақ? Орнында биз бармыз. Ағаңнанда бетер қуўанта аламыз қарағым (күледи)

**Шериния** -(Итибар бермей) Күтпегенде басыма ис түсейин деп тур женге. Егер Тасполат ағам келип араға түспесе Шериния қәйниң бул дүньяға қаланың таўықларындай темир тордан сығалайды.

**Улпери** - Аманлықпа? Не болып қалды?

**Шериния** -Дүканыма тосаттан ревизия келди. Иштен илип таслап бирме-бир есап жүргизип атыр. Олардың келетуғынын ҳеш болмағанда, бир күн бурын билгенимде илажлайтуғын едим. Енди итимал жоқ.

**Улпери** -Ревизия дегенам гаппе? Егер тили, көзи,аўыз тамағы бар мақлуқ болса,келисиўге болады ғо.

**Шерния** -Ишинде бир мақаўы бар. Талайларды зим зия етип жиберген. Соннан қорқаман. . .

**Улпери** -Ақшаға қайыспайтуғын зат болама? АлтаннннннннннЖатып калганша атып калыў керек.

**Шерния** -Тасполат ағамның жоғында қылып атырган ылайсаңы тегин нарсе емес. Биреўлерден гуманым бар.

**Улпери** -Аныгын билесеңбе?

**Шерния** -Тасполат ағамның орынбасары барғой,Матибай деген жигит,сол киси оңлы емеспе дедим.Бул не биймезгил ревизия деп алдына барсам, кулимсиреп «зыяны жоқ, есаплы дос ажыраспас деген»-деди де койды.

**Улпери** -Ол тандырын шыққыр, ағаң жоқта ҳәмелин жургизип калайын деп атырған шығар.Столын онкитиўдиң жолын қарастырыў керек.

**Шерния** - Оның столы онкийемен дегенше, мен шалқортама тусемен жеңге.Кане маған кандай ақыл бересиз?

**Улпери** -(ойланған болып). Қәйткендеде ревизордың тамырын басыў керек.Отлеў тамыр деген болады, әне соны таўып, жаздырылмастай етип услаў керек.

**Шерния** -Отлеў-сотлеўин излейтугын ўақтым жоқ. Ал

| | |
|---|---|
| | быраганымнан алдымнанда артымнанда сурнигип атырман. |
| **Улпери** | -Онша албырай берип не кыласан кайним. |
| **Шернияз** | - Ой-бой,женгеай, ис патырат, ишкен асым бойныма тараганды койды. Егер усыннан анаў мынаў жагдай бола ғойса, жети пуштымыздан бержағы қозғалады. Булттың бул дониси жаман. Ондай жағдайда Тасполат ағамда ак туйени кормеген болып кала алмайды. |
| **Улпери** | -Талынды басқа жақта шайна карағым. Ассалаўма-әлейкум десе асыла кетеди бул журт. Сениң ози адам қатарына қосқаны гуна болыппа? |
| **Шернияз** | -Мен асылып отырғаным жоқ. Егер жаман болсам кесирим жети журтка тийетуғынына даў жоқ. Бизлер бир сабаққа илинип турған адамлармыз. Аўа, сабақтың бир ушын тартса, хаммемиз бирге козгаламыз. |
| **Улпери** | -Ол не кылган сабак? Сабағыңа озин шырмала бер кыршын. Куни менен не кылар екен деп ундемей отырсам, айланып келгенде, бизлерди жумбаршаклап басайын деп отырсаңгой. Ой дәмеңнен айланайын сениң. |
| **Шернияз** | -Такыр жерге букпаяқ ғой женге. Бир жагында сенде барсаң . |
| **Улпери** | -(жаны шығып).Хау-хау енди хаммесин койып маған асылдыңба? Саянды аўлағыраққа сал бала, ойнайтуғын адамың мен емес. |
| **Шернияз** | - Мен сизлерди жакын корип усындай кыйналганымда жардем етеди деп журсем, жарқабаққа тақалғанда ийтерип жибериўден кайтпайды екенсизда. |
| **Улпери** | -Алдындағы жаркабакты көрмей соқырмедиң? Кашангы сени биреў жетелеп журеди? |
| **Шернияз** | -Жеңге даўды кояйық.Оннанда маған ақыл бер. Жол алды карабарак шаўып баратырман, орға куламастан бурын мени куткарып кал. |
| **Улпери** | -Мамлеге жана киятырсаң.Ревизия неше кунде питеди? |
| **Шернияз** | -Улкен дукангой, бир хаптеге шамаласар. |
| **Улпери** | -Сен албыраганды кой. Еңсенди котерип журе бер.Мен ағаң менен бугин ертен сойлесип, кайтып кел деп шакыраман. Ағаң келсе истин питкени емеспе? |
| **Шернияз** | -Онда гулалагул гой. |
| **Улпери** | -Ал бул питти дейик, енди не хызметин бар? |
| **Шернияз** | -Жанагы аўыр сөзлеримди кешир жеңге? Бир билмеслик |

| | |
|---|---|
| | өтти. Усы кунлери не сойлегенимди де билмей баратырман. |
| **Улпери** | - (кулип) Зыяны жок. Ондай-ондай болады, бирен-саран калады деген. Ал енди мениң ишим писип отыр. Машыныӊ менен кыдыртпайсаӊба? |
| **Шернияз** | -Қаяққа барсақ екен? Былтыр жазда бир акшам мийман болған жерге барамызба? |
| **Улпери** | -Суйир шыбынға таланып калмаймызба? Болады кийинип шығайын.(ишке кетеди) |
| **Шернияз** | -Байыӊа пул болып, қатынына кул болыпақ өлетуғын болдым ғой. Бирақ кул болсамда шеп емеспен. Ара-тура арқасын сыйпатып турады. Исим орнына басарма екен? Биз тоғайда ғарқылдасып жургенде, бул жакта шотын сартылдатып,калган демимизди есаплап отырса? Меники не шағал мәслик? Курорттыӊ маслигине боленген адам, әкеӊ олди дегенде де мойнын бурмайды.Бул қатынға бир кун ҳәзлик керек, ал маған. . . Қой, басым аман турғанда қояғояйын. (шықпакшы болғанда алдынан милиция капитаны шығады) |
| **Милиция капитаны** | - Бул не уры емессиз бе? |
| **Шернияз** | -(озине зорга келип). Яғаў ассалаўма әлейкум! |
| **Капитан** | -Тасполат Алламбаевтыӊ уйиме? |
| **Шернияз** | -Аўа,өзи. |
| **Капитан** | -Уйинде ким бар? |
| **Шернияз** | -Женгей бар. Усы жерде күте турыӊ, хазир шығады. (Шернияз сыртқа зып береди, иштен сойленип, колына бир шийше коньяк көтерип Улпери шығады) |
| **Улпери** | -Екеўмиз бир жутымнан коньякта ишпеймиз аў бала, кеўилге йош.(милицияны корип аӊ-таӊ болады) |
| **Капитан** | -Жеӊге салем бердик! |
| **Улпери** | -(хайран). Сәлем. . . . Тусимбе оӊымба? Жаӊа усы жерде бир кайним бар еди? |
| **Капитан** | -Қайниӊиз шығып кетти. Женге биз калалық милиция болиминен боламыз. (гуўалығын көрсетеди) Азмаз әӊгимелесип алсақ? |
| **Улпери** | -Не өзи аманлықпа? (қасына отырады). Ал кулағым сенде? |
| **Капитан** | -Балаӊыз уйиӊизден кай ўаклары шығып кетти? |
| **Улпери** | -(коркып)Балам! Не болған оған? |

**Капитан** -Даслеп мениң сораўыма жуўап бериң?

**Улпери** -Балам бағанарақта, буннан бир-еки саат бурын кетип еди. Аманлықпа өзи?

**Капитан** -(калтасынан қағаз алып). Мынаў сизиң машинаңыздың номери ме?

**Улпери** (уңилип) Аўа. Не болып калды сорыма? Айтшы аманлықпа өзи? Балам аманба?

**Капитан** -Балаңыз аман.(телефон шыңғырлайды). Сойлесиң.

**Улпери** -(трупканы алады) Да. . .

**Трупкадагы даўыс** -Мама!

**Улпери** -Нурполатсаңба?

**Даўыс** -Аўа мен.

**Улпери** -Қайда журсең балам?

**Даўыс** -Гулсара деген кыздың уйинде сабақ таярлап атырман.

**Улпери** -Гулсара деген кыздың уйинде сабақ таярлап атырман дейсең бе? Қашан келесең балам? Аман болсаң болар әйтеўир.

**Даўыс** -Бүгин бара алмаспан, қәўетерленбей ақ қой.

**Улпери** -Бүгин бара алмайман.Яқшы. (трубканы кояды)

**Капитан** -Гулсара деген кыздың уйин билесиз бе?

**Улпери** -Оны қаяқтан билемен? Сен өзи не ғалаўыт таўып журсең карагымЎ Мениң баламды ким менен шатастырып бунда келип отырсаң? Бул кимниң үйи екенин билесең бе? Тасполат Алламбаевичтиң шаңарағы.Бул босағадан бундай суўық хабар атлап көрген жоқ еле.

**Капитан** -Жеңге атыңның жылаўын сәл тартыңқыра? Биз көшеде ушпелек шертип ойнап жургенимиз жоқ.Бир нәрсениң изин қуўып келип отырмыз.

**Улпери** -Ойнайтуғын адамынды тапқан екенсең. Мен ҳәзир начальнигиң менен сөйлесип панайымада жақынласпастай етемен. «Айт жоқ, той жоқ, ийтлер неге бығырласып атыр».

**Капитан** -Яқшы сиз уйиңизден ҳеш жаққа кетип калмаң.Тез арада мәселе раўшан болады.

**Улпери** -Не мәселе карагым ашығын айтса?

**Капитан** -Сизиң балаңыз машинасы менен велосопедли кетип баратырған бир қызды қақтырған.

**Улпери** - Не дейди? Кой басқа биреў шығар? Болмаса мениң балам жаңа звонит еттиғой.

**Капитан** -Ең аўыр жери сонда болып тур. Ол қақтырған болып

кашып кеткен.

**Улпери** -Оны ким көрипти? Мумкин емес, мумкин емес. Ким болсада бизди куртайын деген биреўдиң гапи шығар. Не көп калада машын көп.

**Капитан** -Гуўалар исенимли адамлар. Ишинде ГАЙ инпекторыда бар.

**Улпери** -Енди не болады? Балам хеш жерде хеш нарсе жоқ,сотланып кете береме?

**Капитан** - Бир кыз набыт болып атырса, хеш нарсениң болмағаны ма? Мумкин ол кыздың да сендей анасы бар шығар? Кызын дуканнан нан әкелиўге жумсап, кашан келеди деп жолына карап отырған шығар. Ал оның суйикли перзенти кеткен жағынан келмесе, велесепед орнына носилкада,еки көзин мәнгиге жумып уйине әкелсе. . . сизиңше аңсат испе? Ҳеш жерде,хеш нарсениң болмағаны ма?

**Улпери** -(капитанға жалынып).Яқ мениң жалғызым аман қалсын.. (жыламсырап) Бизди сорлатпаң қарақларым.Мумкин ол қыздың өзиненде гүна болған шығар.Сизлер солай деп шешиң өтинемен. Барибир болған ис орнына қәйтип келмейди. Мениң жалғызымды қуртпаңлар. Әкесиде куроротта еди. Бул хабарды еситсе жаны тәслим болады ол бийшараның. Бизлерди ая қарақларым? Тәғдиримиз сизлердиң қолынызда. (жылап) Нурполатым,Нурым не кылып қойдың? Сеннен айрылсақ бул жайлардың кимге кереги бар? Ишинде бизлер музлы аяқ болып өлемизғой қулыным?!

**ПЕРДЕ.**

**Биринши бөлим,екинши картина.**

Биринши картинадағы сахна өзгермеген.Сахна ашылғанда жай иши бос турады.Сырттан ўай-ўай салыўы менен Тасполат кирип келеди.Ол ишке киргеннен сонда биразға шекем ўай-ўайлап турады. Ишки бөлмеден ҳаялы Улпери шығып аң-таң болып карап турады да бир нәрсени сезгендей косылып жылайды. Бир ўақытта Тасполаттың оған көзи тусип, талып туседи.Улпери ериниң жығылғанан көрип жаны шығып кетеди де,кейин шегинеди.

**Тасполат** -Ух,тиримисен,қатын?

| | |
|---|---|
| **Улпери** | -Аманлықпа ағасы? Адамды қорқытып жибердиңғо? |
| **Тасполат** | -О дуньядан келдиңбе? |
| **Улпери** | -О дуньядан әкең келсин.О неси ай?! |
| **Тасполат** | - Несине тырсасаң? |
| **Улпери** | -Болмаса не курорттан кулип кайтыўдың орнына ўай-ўай салып кайтасаң? |
| **Тасполат** | -Хаў мен ўай-ўай салсам сениң пайдаңа салып атырман ғой қатын. |
| **Улпери** | -Мениң пайдама салғаның қалай? Я меннен ўай-ўай қарызың барма еди? Қара теңиздиң бойында бир нарсе салқынын салып кеткен жоқпа? |
| **Тасполат** | -Аўа,бул жақта Улпери ҳәрекетлесе, ол жақта суў пери ҳәрекетледи. Аман болсаң болар. . . |
| **Улпери** | -Не өзи? Мен аман болмай устиме жайың қулаппа еди? |
| **Тасполат** | -(телеграмманы көрип) Мынаны оқып көр. |
| **Улпери** | -(оқыйды) Ҳаялың қайтыс болды тез жет . . . Ҳе, ана Шернияз қыршынның кылғаны бул. |
| **Тасполат** | -Ал аманлықпа? Хаў жаңа мен ўай-ўай салып атырғанда сен неге қосылып жыладың? |
| **Улпери** | -Қайдан билейин бир нарсе болып калдыма деп. . . Аманлығыда шамалы шабазым. (жыламсырап) Уш куннен бери бала жоқ. |
| **Тасполат** | -Не дейди? Милицияға хабар бермедиңиз бе? |
| **Улпери** | - Милиция излестирип атыр. . . Машинасы менен бир кызды бастырып алыпты. Соннан берли жоқ. |
| **Тасполат** | -Машинасы кайда? |
| **Улпери** | -Машинасын ийт жер дейсең бе,табылар.Өзи қайда? Намысланып өзин-өзи жоқ етпесе болғаны ғой кулыным. (жылайды) |
| **Тасполат** | -Үнинди өширай.Бир балаға ийелик ете алмай. |
| **Улпери** | -Ийелик еткенде не кыламан? Кулағынан шыйыртпақ салып босағаға байлап қойыўым керекпе еди. |
| **Тасполат** | -Машинаның гилтин неге берди4? |
| **Улпери** | -Сол қараң қалғырды айдап уйрене бер деген өзиң емеспе единң? Енди бугинлиги курорттан карнынды сыйпап қайтып,неге өйтпейсе,неге буйтпейсен,деп өзиңе шаң жуўытқың келмейди-я? |
| **Тасполат** | -Ал онда кырылып,шетиңизден қырылың түўе. |
| **Улпери** | -Шернияз иниңнинде ахўалы шатақ кусайды. |
| **Тасполат** | -Хе, олда адам бастырыппа? |

| | |
|---|---|
| Улпери | -Оның устинен ақша басыпты. Саған телеграмма бергенде ол баланды қайғырып берген жоқ шығар. Сол басына тускен саўдадан куткарып калсын деп. . . |
| Тасполат | -Оған не бәле болды? |
| Улпери | -Дуканын ревизиялапты.Мойнына көп ақша тусип,жанын қоярға жер таппай жур. |
| Тасполат | -Сонша ақшаның бәрин не кылды екен? |
| Улпери | -Саған берипти ғой. |
| Тасполат | -Өш тилинди кесип аламан, екинши усы гәпинди еситсем.Оның дуканына тийисли хасыл затларды өзим саттырып едим.Пайда шерик. . . Шерниязда бир пай болмақшы еди.Енди итималы жоқ.Барибир оны камайды. |
| Улпери | -Төлесе аман калмайма? |
| Тасполат | -Төлетип болып қамап жибереди.Сен аўзынды ашпаӘ Гуўа жоқ.Алдым деп қол қойғаны рас.Усы ақшалар менен баламды аман алып каламан катын.Ал енди шайынды әкелӘ |
| Улпери | -Базарлық әкелмедиңбе? |
| Тасполат | -Хаў,сени олди деп еситкен соң,базарлыққа карайтуғын кун болдымаЎ Самолеттың ишинде енди кимге уйленсем екен деп,ойланыў менен келдим. |
| Улпери | -Жас қызға уйленемен деп куўанғанда шығарсаң? |
| Тасполат | -Ол жағын не кыласаң? Енди жуз жасайтуғын болдыңғой.Сеннен өлип кутылмасақ,бул дуньяда кутыла алмаспыз.(ишке кирип уй кийимлерин кийинип шығады,ҳаялы шай таярлайды) |
| Улпери | -Ағасы?! Сен усы жаңағы баладан бир жақсылығынды аямасаңо? |
| Тасполат | -Қайсы баладан? |
| Улпери | -Бир жақсы көретуғын иниң еди.Шерниязды айтаман да? |
| Тасполат | -Соған сениң буйырың бура калды ғой. |
| Улпери | -Бала шағалары уўлап-шуўлап калмасын деймендa? Болмаса мениң кайсы жериме ем. |
| Тасполат | -Егер арасына туссем өзимнинде сырым ашылып калама деп қорқаман.Олда мантығып баратырып тал қармап қалатуғыны анық.Ҳәтте бизге асылыўыда мумкин.Ал егер бул бизиң бала еди десем,тамам,тимискиленип бизиң изимизди аңлыйды. |
| Улпери | -Ондай болса қой қарасы батсын. Анаў орынбасарың жаман жигитпе деймен. |

**Тасполат** -Таза жасаўыл көз шығарады деген. Мениң жоғымда етигиниң қонышынан басып атырғаны да.

(Шернияз киреди.)

**Шернияз** -(қушағын ашып) Ассалаўма әлийкум! (жуўырып келип еки қолын созады. Тасполат оннан қаймығып кетип, креслоға барып отырады.) Аман келдиңиз бе аға? С приездим! Ажаға! Кеширерсиз басымызға ғаўға тусип, аэропортта кутип ала алмадық.

**Тасполат** -Өлген жеңгең менен көрисип атырмыз, иним!

**Улпери** -Мени неге өлтиресең, қәйним? (бултыяды)

**Шернияз** -Ал енди сондай болып қалды. Кеширерсизлер? Жеңгемди өлди демесем, Тасполат ағам келмес деп қорқтым.

**Улпери** -Қара ешкиге жан қайғы, қассапшыға мал қайғы. Усыннан мени өлди деп, намысыма тийди деп, тийисли жерине хабар етсем неше пуллық киси боласаң?

**Шернияз** -Яқшыаў, жеңге, сени ойын көтеретуғын болғаннан соң олди дедикта. Басқа емессең ғой.

**Улпери** -Өлсе өзимиздиң адам өлсин деген екенсең дә?

**Тасполат** -О не қылған өзимиздиң адам? Мен жоғымда не бәле, сизлердиң шақаларыңыз айқасып кеттиме?

**Улпери** -Гуман ийманнан айырады. Сен не деп ғаңқылдап отырсаң шабазым?

**Шернияз** -Курорттағы жеңгелерим, Тасполат ағамның ишин тарылтып жиберди ме деймен... Бурынлары дуньяны суў алса уйрекке бир пул еди.

**Тасполат** -Ол уйреклериң ушып кетти ғошшым. Адамға дем пем бересизлерме, я сизлер менен боп саласып отырыўым керекпе?

**Улпери** -Алған демиң азлық етсе тағыда жутыңқыра. Биз не сениң аўзы мурныңа дорба илдирдикпе? (Шерниязға) Қәйним мына ағаң, мениң жаназама ҳеш нәрсе әкелмеген екен, стол устиндеги бары менен шай халқас қыла бер.

**Шернияз** -(отырып) Нурекеңнен хабар жоқпа жеңге?

**Улпери** -Сорлап қалмасақ болғаны ғой қарағым. Тыр-тым азанда милицияға хабарлассам, еле излеп атырмыз дейди.

**Шернияз** -Ҳеш гәп болмас. Ол кетеринде келин баланды қыдыртаман деппе еди?

**Улпери** -Аўа...

**Тасполат** -Ол қаяқтың келин баласы?

**Улпери** -Баланңның алатуғын қызы да. Кимниң қызы десем, мама соң айтаман деди.

**Шерняз** -Әй, сол мениң пәмимше, келинди бир жаққа алып қашты-аў. Ҳәзирги баллардың екеўиниң биреўи қыз алып қашып атырғой.

**Тасполат** -Алып қашқанда ол Марсқа алып қашама? Уйге неге әкелмейди?

**Шерняз** -Қыздың ата-анасынан қорққан шығар.

**Тасполат** -Неге қорқады? Ақшаға келиспейтуғын нәрсе барма?

**Шерняз** -Ал Тасполат аға мениң дәртимде боларғы емес.

**Тасполат** -Не дәрт? Сенинде соңғы ўақытта толғағың терис келгиш болып кетти ғой.

**Шерняз** -(илажсыз кулип) Сол толғақты оңынан өзиңизге берип, маған көп етип ақша туўып берсеңиз еди Тасполат аға?

**Улпери** -(кулип) Айы-куни шамаластыма деймен, қәйним ағаңның қарнында ийегиниң астына тийипти ғой. Сәл ыңқылдағандай болса қапшығыңның аўзын турип келе қал. (кулки)

**Тасполат** -Не гәп таўып жүрсең өзи бала?

**Шерняз** -Ағам барда арқам тамда деп журип едим, қәпелимде ала пасырлы бола қалды. Дүканды даў тийгендей ревизиялап, мойныма бираз ақшаны салды. Нениң не болғанын билмеймен аға.

**Тасполат** -Әй, надан, надан. Қашан көрсең шалбарыңның аўы менен көше сыпырып жүргениң... Қуйысқаныңды қаттырақ байлап, абжиллеў болып жүрсең болмаспа еди.

**Шерняз** -Әңгиме шалбардың аўында емес, қалтасында болып тур ағажан-аў. Сизиң қанатыңыздың астында арқайын кунелтип, бул дуньяның ғалма-ғалын умтыңқырап кетиппиз.

**Улпери** -Бир қанат қайсы бириңизге жетсин.

**Шерняз** -Тасполат ағамның қанаты сом қанат ғой, бир қақса бизге жабысқан бәле матер,зым-ғайып болып ушып кетеди.

**Тасполат** -Өзиңе жабысқан бәлени бизге деп көпсытыўиң не сениң?

**Шерняз** -Ҳаў аға, Қырымға бараман деп қырын қарайтуғын әдетти шығардыңыз ба? Бизлер бир табақтан қасық атысқан адамлар емеспе едик?

**Тасполат** -Не деп сандалап турсаң? Мениң табағымда не жумысың бар сениң? Өзиңниң ийтаяғынды жалай бер кушик.

**Шерняз** -(қызып) Сол ийтаяғымды сыпырып сыйырып жалаған соң, аўзыма ҳеш нәрсе илинбей келип отырман.

**Тасполат** -(ашыўға буўлығып) Жooғаалл!

**Улпери** -Бул не сизлердики? (Тасполатқа) Бир ашыўың маған шабазым. Сәл өзиңе ҳәй бер? (Шерниязға) Ақсақалыңа аўыр сөз айтыўға уялмайсаңба тентек.

**Шернияз** -Мен не қылайын? (Бирден өкирип жибереди) Басыма аўыр кун туўғанда, маған қол ушын береди деп, әкемдей исенип журген ағам, бугин... Бугин мениң душпанларым қазған орға, өз қолы менен ийтере жақ...

**Улпери** -(албырап қалады) Қой, ҳаў қой, бала болдың ба?

**Шернияз** -Қоймайман! Неге кояман? Шалынып атырған малда аяғын тыпырлатып өледи.Айранын ишкен кутылып, шелегин жалаған тутылып кала береме?

**Тасполат** -Енди бала жаксылык пенен уйди босатасанба, я милиция шакыртайын ба?

**Шернияз** -Шакыр? Уйиндеги барлық акшанды таўып беремиз.Мени билмейди деп ойлайсақба? Енди булай болған соң нан кыл қатын.Суўдан шыққан балықтай сумирейип қара басым кете бермеспен менде.Ойнаған екенсиз!

**Тасполат** -Жала балесинен сакла деген. Әй бала мениң ким екенимди билесең бе? Мен. . .

**Шернияз** -Билемен! Енди әбден билдим.Бурын тек жермен екенинди ғана билетуғын едим. Ҳәзир нағыз жалатай, жаўыз, сыптырыңқы екенинди билдим.

**Тасполат** -(Орнынан атып турады). Ҳайўан! Мына ҳайўан масқарамды шығарды ғой мениң. (урмақшы болады)

**Улпери** -(оны услап калады) Тоқтатыңлар. Бул не балалық.

**Шернияз** -Урсында. Бир мушқа өлмеспен. Бирақ жасы улкен мениң қанымды қыздырма? Өзиңе жақсы болмайды.Айтымғой бала шағамды жылатып жалғыз кете бермеймен деп. Дастығымды ала кетемен.Барлық саўдагер қатынларынды тутып беремен.

**Тасполат** -(отырып калады). Кенедей жабысқан бәлеге қаяқтан тап болдым? Майға былғанып жургенинде қол ушын берип,адам қатарына қосқан мен емеспе едим.Бир аяқ қолы жеңил бала екен, жугимди қолдасыўға пайдасы тийер деп.Ал енди шаңарағыма келип, жағама асылып гөжени төгип турғанына кара?

| | |
|---|---|
| **Шернияз** | -Бәри ушын рахмет! Мен еткен жақсылықларынды умытқаным жоқ. Тек басым тасқа тийгенде, кимниң-ким екенин билип атырман. |
| **Тасполат** | - (пәсине қайтып). Яқшы үйиндеги пулларыңнан неге орнын толтырып қоя қоймадың? |
| **Шернияз** | -Соларды қосқандағысығой. |
| **Тасполат** | -(жортаға кулип). Жарайсаң. Мен сени сынап атырман да. Қамшы көтермейтуғын болып қалыпсаң. Шернияз шартимек. |
| **Улпери** | - Бастан қамшыға уйретпегенсенда! (кулки) |
| **Шернияз** | - Бәрха қамшы силтей бергеннен бир нәрсе шығама? Ара тура алдына отта таслаў керек. Кеширерсиз Тасполат аға, Жан ийманым көзиме көринип турғанда, сизиң ойыныңызғада тусиникиремей қалыппан. |
| **Тасполат** | -Зыяны жоқ..Айтылған сөз атылған оқ. Бирақ соныда ескертип қояйын, мен хазир саған кемис ақша таўып беремен.Ал басқа жардем ете алмайман. |
| **Шернияз** | - Басқа жардемниң кереги жоқ аға.Сол растратымнан кутылсам тамам. |
| **Тасполат** | - Таммам емес. Төлетип болып қамап жибереди. |
| **Шернияз** | - Қамап? |
| **Тасполат** | - Аўа! Закон сондай. Мамлекеттиң мулкин жырып жеў, талан тараж қылыў, кандай қылмыс екенин билесең бе? |
| **Шернияз** | - (Улпериге) Ўай-ўай женге муздай суў әкел. Қамалмай қалыўдың илажы жоқпа Тасполат аға? Бул гәпинде ойының болып шыққайда. |
| **Тасполат** | - Әй билмедим аў. Айтпақшы судда таныcларың жоқпа? |
| **Шернияз** | - Суда танысым болып мен бир кунде сотланып атырман ба? |
| **Тасполат** | - Сени алып кала алмайман. Буған кудиретим келмейди. |
| **Улпери** | - Қараўындағы бир адамды арашалап кала алмасаң не питкерип журсең? |
| **Тасполат** | - Өйтип бул бир ийтке таланып атырма? Япырмай бала сениң ақ аўзыңа берекет берген екен. (званок шыңғырлайды) |
| **Улпери** | - Бул ким екен? (сыртқа шығып кетеди) |
| **Тасполат** | - (Сыбырлап). Саған ҳәзир кемис кутығына жеткендей |

| | |
|---|---|
| | ақша беремен. Қаяқтан таптың десе, мени айтып шорлатып журме? Ағайынларым жардем етти дегейсең. |
| **Шернияз** | - Ол жағын қатыраман ғой аға. Ҳәтте қутылыпта кетермен деген дамем бар.(қолтығында ораўлы қағаз қысқан Улпери киреди.) |
| **Тасполат** | - Ҳә қатын ким екен? |
| **Улпери** | - Әй Пирнияз деген . . . |
| **Тасполат** | - Пирнияз? |
| **Улпери** | - Баяғы мурындық балаң болман деп, уйиңе шақырған тапалтас жигит пе? |
| **Тасполат** | - Әй Пирназар десе? Жайшылықпа? |
| **Улпери** | - Курортқа кетерде келе алмай қалып едим деп мынаны берип кетти. Аўлақта келип аманлық сорасарман деди. |
| **Тасполат** | - Яқшы, оның илажы болар. Сен мына балаға мутажын әкелип Бер. |
| **Улпери** | - Кассаға барып қайтыўға туўра келди ғой онда. |
| **Тасполат** | - Оның муртын бузба уйде жеткендей жоқпа? |
| **Улпери** | - Жетиңкиремейди. |
| **Тасполат** | - Жетпегенине көгинен бер. |
| **Улпери** | - Болады.(төрги бөлмеге кирип кетеди) |
| **Шернияз** | - Бул жақсылығынды өле өлгенше умытпайман Тасполат аға. |
| **Тасполат** | - Бул жақсылық емес иним, жеген аўыздың уялып атырғаны бул. Умытпайтуғын болсаң, саған өмиринше жақсылық етип киятырман. Баяғы келин Баланы алмастырып жургенинде де, бир жағында журип, тәрезиниң пәллесине салмағымды салып турдым. Жай сатып алғанынды да саўданың бир жағын келистиргендей болдым. Мәкемемизге бир машина тийисли болғанда оны саған алып бердим. Болмаса бизде отыз жылдан берли, мултиксиз ислеп атырған дуканшалар азба еди? Усылардың барин умытып жаңа маған топпынды ылақтырғаның не? |
| **Шернияз** | - Кеширерсиз аға, аяғыңа бас урайын. (жығылады) |
| **Тасполат** | -Болды, болды тур орныңнан! Пышықтай мыррыўлап аяәыма оратылғанды жақсы көрмеймен. |
| **Шернияз** | - Қам сут емген бендемизғой аға. Бир кателик кетти. (иштен Улпериниң қышқырып ўай-ўайлағаны еситиледи, екеўиде секирип турады.) |
| **Тасполат** | - Не бәле мойныңа жылан оратылдыма? (екеўиде ишке |

| | |
|---|---|
| | жуўырып кетеди. Соң хаўлығып шығады) Бул мумкин емес, мумкин емес. |
| **Шернияз** | - Көп нарсеме еди? |
| **Улпери** | - Бир шемодан еди аў, бюир шемодан . . . (телефонга асылады) |
| **Тасполат** | - Не кылайын деп атырсаң? |
| **Улпери** | - Милицияға хабар етемен. |
| **Тасполат** | - Орнына кой трубканы. Өзимизди өзимиз байлап бермейик. |
| **Улпери** | - Сонша дунья суўға сингендей жоқ болып кете береме? |
| **Тасполат** | - Канне отырың! Мен жоқта уйге ким келип еди? |
| **Улпери** | - Еркеги жоқ уйде ким конатуғын еди? Хеш ким келмеди? |
| **Тасполат** | - Расынды айта бер. Еркеги жоқ уйде конғышлар көп болады. Айт кайсы жораң касында болып еди? |
| **Улпери** | - Мениң неше жорамды койнымнан муўырып алып едиң? Я! Адамды хактан жандырма өйтип. |
| **Тасполат** | - Онда бир дипломат доллар кайда кетти? (Шерниязға) Хатершиниң байталындай шыбыжынлап журип, сеннен келген бале емеспе? |
| **Шернияз** | - Не??? Соңында мени урыға айландырдыңыз ба? |
| **Улпери** | - Усы баладан басқа Адам басын сукпады бул уйге. |
| **Тасполат** | - Айтаманаў.Сол урлығынды сездирмейин деп ақша сорап келип отырғанына кара. |
| **Шернияз** | - (орнынан ушып турып). Ал енди мен буныңызға шыдай алмайман. Милиция шақыртаман, сезгир ийти бар излесин. (кетпекши болады) |
| **Тасполат** | - Тоқта! Тасполаттың тас-талқан болайын деп турған жери усы. (Улпериге ) Көзиң шыққыр, не бағып отырсаң? Сени уйде калдырғанда, уйдегилерге карап отырсын деп калдырғаным жоқпа еди? |
| **Улпери** | - Ғарғамасаң э! Адамды. Өзиңниң көзиң шықсын. |
| **Тасполат** | - Баладан бунда айрылдық, машыннан бунда . . . Енди. . . уай-уай!! Қанша пул кетти?! (Улпериге умытылады, Улпери оны услап каладыда жерге ийтерип жығып аяғын карнына қояды) |
| **Улпери** | - Урғанды көрсетейин мен саған. Шегирткениң айғырығындай болып, бир кемисиң муш еди, енди ламсер. Курортқа бармағанлар қырылып атырма еди? Уйде сонша өли дуньяң бар екен, бир жақларға қанғып нең бар еди |

| | |
|---|---|
| | көмпек. |
| **Тасполат** | - (орнынан турып атырып). Ҳәм уры ҳәм устем! Бул не сенники? |
| **Шернияз** | - Қойсаңларда Тасполат аға,Улпери женге. Мумкин балаңыз алып кеткен шығар. |
| **Тасполат** | - Бала не кылады оны? |
| **Улпери** | - Хау, мен усы босағадан бир табан былай жылжымадымғой. Сен өзиң курортка акеткенсең. |
| **Тасполат** | - Эй сенде тал шайнайсаң аў. Ол жаққа әкетип мен не кала салып атырман ба? |
| **Шернияз** | -Сизлер кыйкуўды қойып милицияға хабар бериң. Ямаса палкерге барыў керек. |
| **Улпери** | - Шабазым айтса биреўин? Ешейниде ақылдың данеси едиң ғой. |
| **Тасполат** | - Милицияның кулағы шала ғойса, бунша нарсени каяктан таптыңыз деп, басымыз шырылдыўға туседи. Таўып берер, барибир тапкан менен, изи насырға шабады. Палға исенбе палсызда болма дейдиғой. Палкерди корсек калай болар екен? |
| **Шернияз** | - Ха жаңа ориске косылдыңыз. Кане кайсысыңыз барып кайтасыз? Өзим апарайын. |
| **Тасполат** | - Хаял сен барып кайтағой, калада төбем корине бермей ақ қойсын. |
| **Улпери** | - Яқшы.Кийинип шығайын бала. (Ишке кетеди) |
| **Шернияз** | - Ал Тасполат аға, ол хеш жерден табылмаса калай болады. Мен не кыламан? |
| **Тасполат** | - Табылмаса озимниң эм не қылатуғынымды билмей турман ғошшым...Екеўмиз кол усласып тиштана-тиштан деп басымыздың аўған жағына кетпесек болғаны ғой. (даўыслап). Тойға баратырғаның жоқ қатын жуда сазлана берме. (Улпери шығады.) |
| **Улпери** | - Талабымыз онына баскайда илайым. (Екеуи кетеди) |
| **Тасполат** | - (изинен карап) Әй усы екеўиниң кыйкыйсыўы жаман. Тасполат беккем бол, мийтин бол. Сал жерде унырап кетпе. (Ол диванға кыйсайып жатады.Усы уакытта айпарша киреди). |
| **Айпарша** | - Саламатсызба шырағым! |
| **Тасполат** | - Шукир отырың! |
| **Айпарша** | - Алламбай шайтанның үйиме балам? |

| | |
|---|---|
| **Тасполат** | - Кемпир өлип калған әкемди козғап не кыласаң? |
| **Айпарша** | - Қурдасымыз еди. Тири ўақтындада көзине талай айтқанбыз балам. Сениң атың Тасполат солайма? |
| **Тасполат** | - (жақтырмай). Аўа |
| **Айпарша** | - Сен бала едиң онда. Бизлер сениң әкең менен қоңысы отырғанбыз. |
| **Тасполат** | - Солайма? Сиз кимниң кемпири боласыз? |
| **Айпарша** | - Абдулланың. . . |
| **Тасполат** | - Абдулла? Кайсы Абдулла? |
| **Айпарша** | - Әкеңниң касында жатырған. |
| **Тасполат** | - (шоршып) Хэ!!! Абдулла Султановпа? Сизлер ушын бул босағаға қуўыш қыстырылған еди ғой. |
| **Айпарша** | - Ески жараны жаңартайын деп келгеним жоқ. Ўақтында айтысқан, тартысқан адамлардың екеўиде о дуньяға кетти. |
| **Тасполат** | - Бирақ әкемниң дығы көкирегимнен өшкен жоқ кемпир. Ата-анасының арына шаппаған перзент перзент болып жарымайтуғын шығар? |
| **Айпарша** | - Енди канша шапкан менен өткенниң орны толмайды. Бизлерге болған әкеңниң дығын умытыўың керек еди. Бул дықты баланың кеўлине салмаўың керек еди. |
| **Тасполат** | - Бул тараў бойынша балаға еле сабақ берилген жоқ. Өзи билсе билер, билмесе оның алан болмай өскени жақсы емеспе? |
| **Айпарша** | - Ал мениң саған бир саўалым бар? Бала ушын ата-ана жуўапкерме жоқпа? |
| **Тасполат** | - (ойланып) Ҳәзирги жағдайымда мен буған жуўап бере алмайман. Бизлер ушын ҳәзир тышқан тесиги мың теңге болып тур. |
| **Айпарша** | - Ол бурыннан ақ сондай еди ғой. Балким сонда айлығына ҳәзир тусинип турған шығарсаң? |
| **Тасполат** | - (шыдамай). Сизлердиң ақ тилиңиз шыйратыла бердиғой. Кемпир айтатуғын гапиң болса айт. Болмаса қай-қай. Толым шайпатылып атырғанда, сенам келип табағымның ернегин баспа? |
| **Айпарша** | - Мен сени бундай емес шығар деп ойлайтуғын едим. Әкениң алған сабашы балаға жуғым болмайды екенаў. |
| **Тасполат** | - Еки сөздиң бирине бармай әке, әке. Ол не сизлердиң бир уйир жылқыңызды айдап әкеттиме? Аппақ шашлы адамсыз. |

| | |
|---|---|
| **Айпарша** | - Balaң kайда? |
| **Тасполат** | - Мениң баламда не жумысың бар еди? |
| **Айпарша** | - Сениң балаң мениң қанатымнан қайырып, ақлығымнан айырды. |
| **Тасполат** | - Ол кандай ақлық? |
| **Айпарша** | - (жасын сыпырып). Қызымның тунғышы... Қандай қыз болып өсип киятыр еди?. . . |
| **Тасполат** | - Не болыпты оған? |
| **Айпарша** | - Машыны менен бастырды. |
| **Тасполат** | - Хэ!!!. Сол сизиң ақлыңыз ба еди?. Әй қудайымай? Басымды тағы кандай балелерге сазаўар етип атырсаң? Мениң басқа тәшўишлерим аз болып атырма еди? |
| **Айпарша** | - Келип кеширим сорар деп даме еттим? Бирақ сизлер босағама изеп баспадыңыз. . . |
| **Тасполат** | - Ким екенин билмедик . . . |
| **Айпарша** | - Ким болғанда не парқы бар? Адамның бәри Адам емеспе? |
| **Тасполат** | - Қалай енди, жарасы аўыр емеспе? |
| **Айпарша** | - (өксип). Кеше атасының жанына қойып кайттық. |
| **Тасполат** | - Балам! Мениң балам адам өлтирген бе? Жоқ-жоқ. Айпарша апа. Бизди кешириң бизди сорлатпаң?! Өзи жалғыз балам еди, оннан айрылсам маған бу дуньяның кереги болмай калады. Өтинемен. |
| **Айпарша** | - Мениң ақлығымды торт улдың ишиндеги жалғыз гул еди. . . Анасын болса. . . Ташкетте оқып атырған жеринен кемпирин аўырып калды деп алдап шақырттық. |
| **Айпарша** | - Әкесиде туристлик саяхат пенен сырт еллерге кыдырып кетип еди . Әкеси кетип баратырған да, басқалары менен иси болмай, сол қызын қайта қайта сүйип еди-аў. Ах! Енди мен… мен оның алдына не бетим менен шығаман. Шырағым, Жәмийлам, Жәмийлам. |
| **Тасполат** | - Апа бола рис болды.Деми түўсилген бендеге, шара жоқ. Бизге бир жақсылық етиң? Бизиң баланы Аман калып калыўға жардем етиң апа? |
| **Айпарша** | - Балаң тийисли жазасын алсын. Онда азмаз адамшылықтың ийиси болғанда, гулдей кызымды өлтирип болып кашып кетерме еди? |
| **Тасполат** | - Сизиң кызыңыз екенин билмеген ғой. |
| **Айпарша** | - Гапи бар болсын сениң. Кимниң кызы болғанда не? |
| **Тасполат** | - Жас бала қорққан ғой. Апа енди бир кеширим бериң? Не |

| | |
|---|---|
| | қәлесең тауып берейин. Күйеў бала менен кызыңызға да тусиндирип айтың. Баламды Аман калып калың. Оны каматып жиберген менен де орны толмайды ғой. Мынаны алың  10-мың доллар! |
| **Айпарша** | - (ақша менен бетине урады) Жарамас! Хаарам ақшаларынды әкеңе апарып береғой. Тпу жузиң курсын. |
| **Тасполат** | - (шоршып) Не кыладай мынаў мампыс!? Усы акшам менен барибир баламды аман алып каламан. Аўа, балам гунакар емес. Кызымның өзи машынға келип урган. |
| **Айпарша** | - Мен сеннен ақша сорап келдимбе уйиң куйгир!!! (шығып кетеди) |
| **Тасполат** | - Балам, не кылып койдың. Ўах-ўах! (диванға барып жатады.Аздан кейин уйқыға кетеди. О дуньядан әкесиниң гуңиренген сазасы есителеди. Бастырыныңып). Әке!!!. Жоқ-жоқ сен бетке бармайман! О дуньяға бармайман! Еле жасаңқырайын? Еле көрмеген кызыкларымды көринкирейинЎ Мени асықтырма әке?!. О дуньяға бармайман. (орнынан ушып турады). Мен не сандырақлап атырман? Тусимбе, оңымба? Уххх! (Улпери менен Шернияз киреди). Хай сизлерди жер жутып кеттиме? Қараңызды батырдыңыз ғой. |
| **Улпери** | -Не болып калды? Бастырыныңып атырсаң ба? |
| **Тасполат** | - Сорлап калдық катын. Нурполаттың машынға бастырған баяғы Абдулла Султановтың ақлық қызы екен. |
| **Улпери** | - Ал не дейди, қызын толетип алажақпа? |
| **Тасполат** | - Абыройды төгежақ, Баланы каматажақ. |
| **Улпери** | - Каматажақ? Сен не питирип отырсаң? Пышықтай уйде көмпийип жата бергенге, аман алып калыўдың жолын карастырмайсаң ба? |
| **Тасполат** | - Кемпири келип еди. Пул берсем, бетиме тукирип кетип калды. |
| **Улпери** | - Өлә! Бир кемпирди сөзине турғыза алмасаң. Сенам еркекпен деп талтанлайсаң аў! |
| **Тасполат** | -Мениң орнымда өзиң болғанда не қылар едиң? Ҳә? Не қылар едиң, топыраққа от қоясаң ба? Өзим лаўлап турғанда устиме май бурке берме? |
| **Улпери** | -Маған салсаң неге қул болып қалмайсаң. |
| **Тасполат** | -Атаңа нәлеттиң тухымы? Сеннен ақ куйдимғой. (умтылады, оны Улпери услап алып астына басады.) |

| | |
|---|---|
| **Улпери** | -Он еки мушенди он еки тобе етейин сениң. |
| **Шернияз** | -Ҳаў қойсаңларда? (арашалайды) Қойың уят болар. Неңиз жетпей баратыр онша? |
| **Тасполат** | -Қойдық-қойдық! Қатын, усы көтерип соқпайлығың барда? Болмаса жап жақсы ҳаялсаң аў. |
| **Улпери** | -Өзиңнен бәри. Жалғыз баладан айрылсақ бизге мынаў сонша дүньяның не кереги бар? (Пауза) Ал енди барып қайттық. |
| **Тасполат** | -Ҳәә, не гәп не сөз? |
| **Улпери** | -Тәўип… тәўип деппен-аў, палкер билгиш адамба дедим. Оң жақтағы қоңсың дейин бе, сол жақтағы қоңысың дейин бе, сизлердиң жийған дүньяңызды қызғанып жүреди екен деди. |
| **Тасполат** | -Қызғанада, бәри қызғанады. |
| **Улпери** | -Шемоданыңыз сол қоңсыңыздың уйинде емес, шарбағындағы таўық қорасының ишинде комиўли тур деди. |
| **Тасполат** | -(қуўанып) Күни менен усыны неге айтпайсаң? Ал енди милиция шақыртсақ, бәринен айырылып қалсақ… |
| **Улпери** | -(Ширниязды нусқап) Мынаў баланы жиберемиз. |
| **Шернияз** | -Тоқта! Еле қайсы қоңысыңызда болып шықты? |
| **Улпери** | -Оң жақтағы қоңысының таўығы жоқ. Таўығы бар сол жақтағы қоңысы. Биракқ оның арысландай айбатлы ийти бар. |
| **Шернияз** | -(қорқып) Ийти болса дат-бират, мен жоламайман. Ийт тислеген жерге қырқ ирет уколь урады. |
| **Тасполат** | -Онда ким барады? Ҳаял сол ийт сени таныйтуғын шығар. Айрым ийтлер ҳаялларды қаппайды. Өзиң епле? |
| **Улпери** | -Еки еркек турып мен қалай бараман? |
| **Тасполат** | -Бүгинше бизлер ақ қатын болайық. Бүгин туннен қалса оны басқа жаққа алып кетер. |
| **Улпери** | -Яқшы бир тәўекел етейин. Бирақ бир шәртим бар. Сол шамаданды тапқанымнан кейин, мени бир ай курортқа жибересең. |
| **Тасполат** | -Бир ай емес, өмириңше курортқа кет қатын. Маған шамаданды (дипломатты) әкелип берсең болар. |
| **Улпери** | -О не дегениңЎ Өмиринше курортқа кетиң не? Меннен қутылғың келип журме? |
| **Тасполат** | -Ҳаў курортқа кет десекте жақпасақ… Пышақтың арқасынан жүргендей болдық аў бала. Айтпақшы сизлер бир нәрсени умытқан екенсиз палкерге баланың уш куннен |

| | |
|---|---|
| | берли жоқ болып кеткенин айтпаған екенсизда? |
| **Шернияз** | -Мениң ядымда бар еди. Бирақ еки жоқты бирден шеше алмайтуғын шығар деп, лам-мим демедим. |
| **Улпери** | -Тири Адам табылар шабазым, әўели шемоданды таўып алайық. Қаранғыда тусип киятыр. Биз урлық қылған куни ай жарық болады дегендей. Қоңысымызда қырсығып бугин ерте уйқламас. |
| **Тасполат** | -Уйқлайды ғой, қолыңа шаппаттай гөш алып бар, ийт қыйсаңлай басласа алдына таслайсаң. Ийт ийтлигине барып қулқынына тартпаспа екен? |
| **Шернияз** | -Ол ийтиңе пайлы аға, қасарысқан жеринен қан алатуғын овшарка болса, урыстан қайтқан байын көрген қатындай, қушақласа кетеди. |
| **Тасполат** | -Сенде аспаныў-заминди бир-бирине қаьыстыра берме? Арасында саңлақ қалсын ғошшым. Бизиң қатын деген ўоо, бир ийтке бәш берейин деп журген адам емес. |
| **Улпери** | -Қоян жүреклер. Жигит болып көрмеген сүмелеклер. Егер усыннан шемоданды таўып келе ғойсам маңлайларыңызды бузаман. |
| **Шернияз** | -Суйек пенен урген ийт қаңсыламайды. Со шемодан менен, Тасполат ағамның орнына мениң маңлайымды буз. Қәнекей қолына ғойса жеңгежаным. |
| **Тасполат** | -Мен шарбаққа шығып разведка жасап қайтайын. (сыртқа шығып ктеди.) |
| **Улпери** | -Усыннан шемодан табылмай қалса сениң ҳалың не кешеди? |
| **Шернияз** | -Мениң жаным сол шемоданның ишиндеме? Жоға! Тасполат ағамның қанша байлығы барын билемен. Басқасынан ақ еплеп жибермес дейсең бе? Жеңге мойын таўлық ете ғойса, сенде демеп жибер, ҳеш болмаса гапиң косемет болар. |
| **Улпери** | -Ҳә айланып келгенде мениң қазығыма суйкендиң бе? Бағана азмаз самаллайық десем, таспақадай мойнынды ишиңе тартып атыр едиң-ә! |
| **Шернияз** | -Әйўан-жайўан болып жүрисим мынаў, сенге мингендей берекетим жоқ... Оның үстине Тасполат ағамда сезиклини секиртемен бе деп, бизге гуман менен қарайды. Түбинде бир сезгени барма деймен. |

| | |
|---|---|
| **Улпери** | -Қудайдың өлиминде! Оныки өмиринше гуманғой. Усыннан сен қамалып кетсең қалай болады? |
| **Шернияз** | -Қамалып? Қаяқтағыны айтпа жеңге? Маған ақша таўып берсең ийнениң көзинен әм өтемен. Ал жойтылған шемоданға басымды байлап қойсаңлар, онда билмедим. Бул қудайўар нәрсе. |
| **Улпери** | -Қорқпа қәйним, сениң көзинди бақырайтып, белбеўли машынға мингизип жибере бермеспен. Ағаңның адамлары бар, жаманлығы пулды солардан ақ алып беремен. |
| **Шернияз** | -Сендей жеңгемнен айналайын! (қушақлап бетинен суйип атырғанда Тасполат кирип келеди.) |
| **Тасполат** | -Ҳәккедей шықылықлаўыңыз жаман еди сизлердиң. Ақырында бир-бириңизге жабыстыңыз ба? Жоқ, мен сизлерге көз алдымда яр-яр айтқызып гәлленлетип қоймаспан. (Шерниязды урмақшы болып умтылады, оны Улпери услап қалады) |
| **Улпери** | -Қой-қой ағасы? Ҳаў қайниси жеңгесине еркелеп асылып атырда. |
| **Тасполат** | -Ҳәй еркелеп табытына асылғыр! |
| **Шернияз** | -Аз-маз еркеледик-тә, аға… |
| **Тасполат** | -(умтылып, оны ҳаялы жибермейди) Маған жақынлаңқыра, еркелесең маған неге еркелемейсең! Мен бетиме бурыш жағып қойғаным жоқ, мени неге суймейсең?! |
| **Шернияз** | -Сизди суйип уят болмайма, аға? |
| **Тасполат** | -Қатынымды суйгениң не? Жүзикке қас қондырғандай болып турма?! (Улпериге) Ҳәй бетин қышып баратырса, жайдың сыртқы сыбаўына неге уйкемейсең? |
| **Улпери** | -Өйтип не, бетим қотыр болыппаЎ (Шерниязға) Қыршын, сен де аш кенедей жабыса қалдың. Ағаңның усындай қызғаншақлығын билесең, тағы жақпас қылығың менен ойнайсаң! |
| **Шернияз** | -Қәйдем билейин, бурынлары дәрья тасса тобығына келмейтуғын ағамыз еди. |
| **Тасполат** | -Сол дәрья таса-таса бугин алқымыма тақалып тур! (Пауза) Еркеле, еркеле, ертең саған пәтиңкимниң ултанын суйгизбесем, әкел қолынды! (креслоға отырады) |
| **Улпери** | -Қойш, ағасы, көтерилмес көтерилсе көтерги менен бир урар дегендей, бүгин уйдиң ишин әшир-нәшир ете қалдың-ғо. Хатептиң буғаларындай аяғың менен топырақ шаша |

| | |
|---|---|
| | берме. (Шернияз күледи) |
| **Тасполат** | -Ҳәй, ийт ашқанда күлгир! Сени тюрмаханада ширитемен! |
| **Шернияз** | -Ҳаў, аға, жеңгемниң бетин бир ийкегеним 15 жылға тусип турмасын. Мәкийен ғоқақламаса қораз қанатын жаймайды. |
| **Улпери** | -Не дейди мына жаман!? Қораз емиш! Кекилинди қара қан етейин бе? Ширкин! (Шерниязға умтылады, ол қаймығып қашады) |
| **Шернияз** | -Ҳаў, ҳаў, Тасполат аға, услаң, усласыңыз да мынаўыңызды! Сизлердиң уйиңиз бүгин саўаш майданына айланды-ғой. |
| **Тасполат** | -Обалың жоқ, сонда да көз-кореке сабатып қойғаным әнтек болар. (Ҳаялын услайды) Қоя-ғой, қатын қәйин еркелесе еркелеген шығар. Бул кунде еркетайлар көбейип кетти-ғой. |
| **Улпери** | -Яқ, мен қоймайман! Мени неге мәкийенге теңгереди, тыйынлық. |
| **Шернияз** | -Жеңге, бир ойынды кеширгейли болсын да. |
| **Тасполат** | -Қоя-ғой, пай усы сениң екеслигиң бар да, болмаса әжептәўир қатынсаң! |
| **Улпери** | -Әжептәўириң не? Мен енди әжептәўир болып қалыппан ба? Қыз ўақтымда әп-әнедей едим, ал енди әжептәўирмен. |
| **Шернияз** | -Ҳәзир-әм гоззаллардың гоззаллысан, жеңге. Тасполат ағам мут жеринен келген соң, көзине әжептәўир болып көринип атырғансаң-ғой. Болмаса ай десе аўзың, кун десе көзиң бар, он екиде бир гулиң ашылмаған десе ҳәрким ақ инанып, изиңе ерип кете береди. |
| **Тасполат** | -Иним, гәпиңниң бир жағын маған туйктайды етип жибере бересең. Я жезденмен бе? |
| **Шернияз** | -Жездем болғанда бундай даў болмас та еди, ал, енди өспейтуғын адамдай өнбейтуғын даўды копсыта бермейик. |
| **Улпери** | -(салпаўсып) Мына, қарақшылар жатыппа? |
| **Тасполат** | -Уйықладыма деймен? Уйинде жарық коринбейди. |
| **Улпери** | -Онда мен баратуғын болдым ба? |
| **Тасполат** | -Аўа, бағанағы ўәде. |
| **Улпери** | -Аз-маз гөш алып шығайын. (ишке кирип кетип гөш алып шығады) Сизлер усы жерде қала бериң. Шарбақтың дийўалынан асырылып түсермен. |
| **Тасполат** | -Бержағына бийиклеў бир ағаш қойдым. |
| **Шернияз** | -Ал жеңге табыслар тилеймиз. (Улпери шығады) |
| **Тасполат** | -Усы бизиң қатын зор дә! |
| **Шернияз** | -Қатыннан рәҳәт көрип қалған адамсаң-ғой, аға! |

| | |
|---|---|
| **Тасполат** | -Әне түсти! (Ийттиң даўсы шығады, көп өтпей таўықлар ғоқақласады) |
| **Шернияз** | -Мынаў ийти Адам алатуғын қыйлынан ба деймен! (Ийттиң әўпилдиси менен таўықлардың ғоқақласқаны кушейеди) |
| **Тасполат** | -Таўықлар! Сол уй жаңғырлардың ғоқақлайтуғыны ядымызға келмепти ғой. |
| **Шернияз** | -Ядқа келген де оған не илаж. (Шаўқым кушейе туседи. Қоңсының адамлары оянады. «Таўыққа уры тусти» деген қыйқыў. Ийттиң даўысы пәтке минеди) |
| **Тасполат** | -(басын еки қолы менен услап) Қурыдық! Бәри оянып кетти. (Ийттиң даўысының арасында Улперининң «өлдим» деген даўысы келеди. Ийт оны бығырлап талап атыр) |
| **Шернияз** | -Мына ахмақлар ийтин неге усламайды? |
| **Тасполат** | -Қатынды өлтирди!!<br>(«Усланлар, ийтти усланлар, мен Улперимен!» деген даўыс еситиледи. Тасполат отырып қалады.) |
| **Шернияз** | -Милицияға хабар берейин бе? |
| **Тасполат** | -Милицияны олардың өзлери ақ шақырады! Сен «тез жәрдем» ге хабарла!... (Шернияз телефонға асылады.) |
| **ПЕРДЕ.** | |

**ЕКИНШИ БОЛИМ. УШИНШИ КАРТИНА.**

Калалык милиция болими начальнигинин кабинети. Перде ашылганда майор Матмуратов пенен лейтенант Дауранбеков ангимелесип отырады.

| | |
|---|---|
| **Матмуратов** | - Емлеўханадан хабар алдыңызба? |
| **Даўранбеков** | - Бала еле есин жыймай атыр. Лекин врачлардың айтыўына қарағанда, басына келген зақым қорқынышлы емес. |
| **Матмуратов** | - Ата-анасы келмеди ме екен? |
| **Дауранбеков** | -Бугин келип калар. Самалет саат торте конады. |
| **Матмуратов** | - Шийеленискен хәдийсе! Қызды бастырған машина Чудактың гаражынан табылады. Ал,оны айдаған Нурполат кашып кетеди, Чудак болса… шала жансар болып уйинен табылады.Бул жерде ушинши биреўдиң катнасы барына гуманланасыз ба? |

| | |
|---|---|
| **Дауранбеков** | - Ушинши биреў сөзсиз болған.Арақ куйылған кеседе ущеу. |
| **Матмуратов** | - Сонда Чудактың қандай жазығы болған? Я, оларға қосылып қашқысы келмеди ме екен? (телефон шырылдайды) Сол куни Алламбаев дегеннин Минводаға ушканы анық па? |
| **Дауранбеков** | - Бул анық. Бирақ қасында гуманланғандай Адам билет алмаған. Бизде есапта туратуғынлардың аты-заты жоқ. (капы кағылады). |
| **Матмуратов** | - Кириң! (капитан киреди) |
| **Милиция капитаны** | - Ассалаўма әлейкум, жолдас майор! (олар кол алысады) |
| **Матмуратов** | - Отырың. (капитан отырады). Ал не жаңалық? |
| **Милиция капитаны** | - Сол кунги анасына звонит еткендеги гәпи бойынша қаламыздағы Гулсара деген қызлардың баринен сораў алып шықтым. Отыз торт ержеткен Гулсара бар екен. Тилекке карсы, сонша Гулсараның бир де биреўи бизиң жигитимизди танымайтуғын болып шықты. |
| **Матмуратов** | - Ол жигит бизден аўлақта сайранлап Жур екен. |
| **Милиция капитаны** | - Онда маған рухсат па? |
| **Матмуратов** | -Рухсат! (капитан кетеди). Бизден бир қәтелик кеткен екен. Сол куни аэропортқа хабарлағанмызда бәлким, оны ушар алдында тутып аларма едик. |
| **Дауранбеков** | - Биз сол куни машинаны излеў менен әўере болғанымыз жоқпа? Айпақшы, телеграфтан бир қызықлы телеграмманың копиясын алдық.(қалтасынан шығарып майорға береди). |
| **Мәтмуратов** | - Хмм. . . (оқыйды). Алламбаев Тасполаттың ҳаялы өлген бе? |
| **Дауранбеков** | - Жоғә. Оны тез келсин деген болыў керек. Торениязов деген санаат товарлары дуканының басқарыўшысы. Жақында ревизия болып мойнына көп ақша түскен. 58-БЕТ |
| **Мәтмуратов** | -Торениязов Алламбаевты неге ҳаялың өлди деп шақыртады? Әлбетте, бул баласы туўралы қайғырғаннан емес. Ал, Алламбаев тезирек келип, мени ревизияның тарпыўынан қутқарып қалсын деп атырғаны. |
| **Даўранбеков** | -Бунын бизиң исимизге қандай байланысы бар? |
| **Мәтмуратов** | -Кеше тутылған саўдагер ҳаялдан тергеў алғанымызда оның барлық затлары Алламбаев арқалы берилгени анықланды. |

| | |
|---|---|
| | Биз излеўди, жынаят қыдыраўды, параллель турде апармасақ болмайды. Сол ушын оператив тапсырма: Алламбаев пенен Төрениязовтың арасындағы қатынасты анықлайсыз. Саўдагерлерди излеп табасыз! Оператив группаңызға, лейтенант Атамуратовты, сержант Қалилаевты беремиз. |
| Даўранбеков | -Түсиникли жолдас майор! (телефон шыңғырлайды.) |
| Мәтмуратов | -(көтерип) Да, ким? Келсин. (Әўез киреди) |
| Әўез | -Мүмкинбе? Ассалаўма әлейкум! |
| Мәтмуратов | -Отырың! Хош хызмет? |
| Әўез | -Бир арзымаған жумыс пенен келип қалдым. Өткен ақшам, үйдиң иши жатып қалған едик, бир ўақытта ийтимиз шабаланып үрип, туўықларымыз ғоқақласа берди. Даўысынан оянып бир уры шығар дедикте, ийтке пәл бердик. Ийтимиз бир тыма бығырлатып талады. Бир ўақлары: «Мен Улпери мен, ийитиңизди услаң»-деген ҳаял даўысы шықты. Жуўырып барсақ қоңысымыздың ҳаялы. |
| Мәтмуратов | -Қоңысыңыздың ҳаялы таўығыңызды урлайын деп атырма екен? |
| Әўез | -Таўық урлайжақ дегенге исенбеймен. Ҳаў, Тасполат Алламбаетың ҳаялы туўық урлайтуғынба еди? |
| Мәтмуратов | -Ҳә, сизиң қоңысыңыз Алламбаевпа? Даўам етиң. |
| Әўез | -Барсақ, ҳаялдың кийимлери өрим-өрим болыпты. Қып-қызыл қанға боялған. «Қорада не ислеп жүрсең десек индемейди» Көтерип үйине апардық. Тасполат пенен Шернияз деген дүканшы бар екен. Милиция шақыртаман десем, қоңысы болып отырып уят емеспе-деп Тасполат азарда-безер болды. Сөйтип тез жәрдеи машинасын шақырттық. Врачлар көз кореки ийтиңе неге талатасаң деп, мени гунакар етежақ. Ҳаў ийтим оны көшеде таладыма? Ол қатын бизиң қорада неғып жур? Түсиниксиз. |
| Матмуратов | - Милиция шақыртыўың керек еди. Бунда кандай да бир сыр бар. Э, Алламбаев курорттан қашан келген? |
| Әўез | - Кеше келипти. |
| Матмуратов | - Ҳәзир ол ҳаял қаяқта? |
| Әўез | - Емлеўханаға алып кетти. Жолдас начальник бул маселеде мениң қандай гуннам бар? |
| Матмуратов | - Ийтиңиз қутырмаған ба? |

| | |
|---|---|
| **Әўез** | - Қутырыў қайда? Ветврач көзден өткерип турады. |
| **Мәтмуратов** | -Мениңше сизде айып жоқ. Олар ҳәм уры ҳәм устем болғысы келген шығар. Анықлаймыз. |
| **Әўез** | - Қоңсысын ийтке талатыпты деген әм жақсы атақ емес екен. |
| **Мәтмуратов** | - Сиз онда жумысыңыздан калмаң. Керек ўақытта шақыртамыз. |
| **Әез** | - Шақыртып не қыласыз қоңысы менен аразластырып. Берекет табың мени жаңағы врачлардың гапинен куткарсаңыз болды. |
| **Матмуратов** | - Яқшы оны уактында анықлаймыз. Ҳаялдан сораў аламыз. Ақыры сизиң қораңызға барғанда адасып бармаған шығар. |
| **Әўез** | - Хаў адасқанда қорадан асырылып тусип адасама? |
| **Матмуратов** | - Яқшы кете бериң. Хабарыңыз ушын рахмет. |
| **Әўез** | - Рахмет сизлергеде, саў болың! (кетеди) |
| **Дауренбеков** | - Ақылым ҳайран болды жолдас майор. Алламбаевтың милиция шақыртпаўына қарағанда, бул жерде бир жумбақ бар. |
| **Матмуратов** | - Уйиндеги ақшаларын қрңсысының жерине көмбекши болдыма екен? |
| **Дауранбеков** | - Онда ийтке таланған жерде калыўы керек ғой. Бул хаққында қоңысысы тис жармады. |
| **Матмуратов** | - Ҳаял жатқан емлеўханаға барып,бунық себеблерин сорап билиң. Яқшы баратырып дежурнийға айтып, Алламбаев пенен Торениязовты шақыртсын. |
| **Дауранбеков** | - Әжеп болады. |
| **Мәтмуратов** | - Мынаў телеграмманы дежурнийға тапсыр. Оннан кейин, Алламбаев пенен Торениязов деген гражданлар келсе, алдыма биримлеп жибер.Отпускамды кейинрек алмасам болмайтуғын болдаў. (Тасполат киреди) |
| **Тасполат** | - Мумкинбе? |
| **Мәтмуратов** | - Келиңиз, келиңиз! Ассалаўма әлеўкум. Жағдайларыңыз жақсыма? |
| **Тасполат** | - Рахмет. Ҳармаңызлар! |
| **Матмуратов** | - Бар болың. Курортқа барып кайтты деп еситип атырмыз. Калай жақсы дем алдыңызба? |
| **Тасполат** | - Жаман емес. Аманлықпа, шақыртқан екенсиз. |
| **Матмуратов** | - Аманлық ғой. Бирақ сизиң тентек балаңыз туттырмай атыр. |

| | |
|---|---|
| **Тасполат** | - Менде келип еситтим. Жалғыз бала болған соң еркеленңкиреп кетипти. |
| **Мәтмуратов** | - Ҳәр еркелиги бир адамның басын жалмап турса. |
| **Тасполат** | - Жолдас майор, сизлер өзи анықлап тексердиңизбе? Анық бизиң балама, яки басқа машинаның номерин алжасып журсизбе? |
| **Мәтмуратов** | - Анық. Машинаңызды Палўанов Жаббар деген кисиниң гаражынан таўып алдық. |
| **Тасполат** | - Палўанов Жаббар? Оның гаражында не қылып журген екен? Ҳә, соның баласы менен жорашылығы бар еди. Велесепедли қызды өзи келип урған емес пе екен? |
| **Мәтмуратов** | - Жол қәдесин балаңыз бузған. Ал яқшы бул мәселе шешиле берер. Кеше сизиң ҳаялыңыз қоңсыңыздың таўық қорасында не кылып жур? |
| **Тасполат** | - Ал мен бул жағын билмеймен.. Курорттан Аман келдиңизбе деп бир инишек келип еди, сол екеўмиз әкелген арақтан ише бериппиз. Бир ўақлары ҳаял, «енди болар»-деп шийшени алдымыздан алып қойған екен, мен шыдамай кетип оны урмақшы болып қуўыппан. Ол сонда шарбақтың дийўалынан асырылып, қоңысының жерине тусип кетипти. Қорққан ғой. Тамшыдан кашкан бийшара нөсерге тап болып, бизиң бир шаппаттан қорқан сорлы, қатын, қоңсының ешектей ийтиниң тарпыўына ушырапты. |
| **Мәтмуратов** | - Солай деңиз. Ҳаў сизиң өйтип ише бергениңиз айып емеспе? Бир мекемениң баслығысыз, оның устине балаңыз бундай иске шатылып атыр. |
| **Тасполат** | - Бир жағы сол қайғыныда умытайық дегенимиз ғой. |
| **Мәтмуратов** | - Сиз курорттан неге ерте кайтыңыз? |
| **Тасполат** | - Жағынқырамады. |
| **Мәтмуратов** | -Ойланыңқырап көриң басқа себеби бар шығар? |
| **Тасполат** | -Ҳешкандай. . . |
| **Мәтмуратов** | - Яқшы. Тасполат Алламбаевич сизиң балаңыздың ойсызлығынан бир гулдей қыз мәнгиге көз жумды. Сизлер ол қыздың уйине барып, кеўил айтыңызба? Ата-ансынан кеширим сорадыңызба? |
| **Тасполат** | - Биз бул ҳаққында еситпедик. Растанақ өлгенбе? |
| **Мәтмуратов** | - Расынан келе бериң жолдас Алламбаев. Бул жөнинде еситпеўиңиз мумкин емес ғой. Хаў сизиң балаңыз |

| | |
|---|---|
| | машинасы менен бир қызды бастырса, сизлер ол ким екен, Аман калдыма деп тәшўишленбедиңизбе? |
| **Тасполат** | - Биз. . . мәзи кағып кеткен шығар деп ойлап едик. Уйде өзимниң болмағанымның кесири ғой жолдас начальник. |
| **Мәтмуратов** | - Келгелиде еки кунге қарап баратыр. Яқшы, буны өзиңиз билиң. Сизге тағы бир саўал беремен. Сиз Жупаргуль Тайлақбаева деген ҳаялды танийсыз ба? |
| **Тасполат** | - Тайлақбаева Жупаргул? (ойланады). Танымадым. Еситпеген адамым. |
| **Мәтмуратов** | - Болды, болды. Шығып дежурнийханада кутип отырың! (Тасполат шығады). Ўай, мынаўың кып-қызыл суў жуқпас адамғойәй. Астапуралла! (Шернияз киреди) |
| **Шернияз** | - Ассалаўма әлейкум! |
| **Мәтмуратов** | -Отырың! Сизиң аты жөниңиз Торениязов Шернияз шығар? |
| **Шернияз** | - Аўа. |
| **Мәтмуратов** | - Аҳўалларың қалай Шернияз ғошшым? |
| **Шернияз** | - Қуданың берген ден-саўлығының арқасында аға. |
| **Мәтмуратов** | - Жарайды, жарайды. Жақында дуканына барып едим, ревизия болып атыр екен. Не өзи жайшылықпа? |
| **Шернияз** | - Қәдимги есап санақта яшуллы. Бизлердиң жумысымыз адам сайын санаўлы есаплы нәрсегой. |
| **Мәтмуратов** | - Қалай, Аман кутылдыңызба? |
| **Шернияз** | - Аўа, хақыйқатына журсең хеш бале жоккой. |
| **Мәтмуратов** | - Кеше кеште каяқта болдың? |
| **Шернияз** | - Уйден была-былай шықпадым. Кикенемиз наўқасланыңқырап. . .. туни менен көзимиз илинбей шықты. |
| **Мәтмуратов** | - Ҳаў, жаңа Тасполат ағаң, Шернияз екеўмизиз кеше кеште курорттан келгенимди жуўып арақ ишебериппиз деп еди ғой. |
| **Шернияз** | - (иркилип). Аўа-аўа сөйткен екенбизаў. Аймыйым курсын, мен алдыңғы кунди айтып отыр екенмен ғой. . . |
| **Мәтмуратов** | - Дәўдей еки ереке отырып, Тасполат Алламбаевичтиң хаялын ийтке талатқаныңыз не? Ол ҳаял не ушын қоңысысының таўық корасына кирди? |
| **Шернияз** | - (ойланып) Ал енди бул жағын билмейме. Бизлер ишип отырып ненин не болғанын билмеппиз. |
| **Мәтмуратов** | - Тасполат ағаң не ушын куроттан ўақтынан бурын |

| | |
|---|---|
| | қайтыпты? |
| **Шернияз** | - Балсының хабарын еситип шыдамаған ғой бийшара. |
| **Мәтмуратов** | - Жаңа ол киси бул хабарды келип еситтим деди. |
| **Шернияз** | - Қәйдем аға. Ҳәркимниң кейпи геллесинде емеспе? Қайтқысы келип кайтқан шығар. |
| **Мәтмуратов** | - Сен Тайлақбаева Жупаргул деген хаялды таныйсаңба? |
| **Шернияз** | - Ондай хаялды оңымдада тусимдеде көрген емеспен. |
| **Мәтмуратов** | - Яқшы мынаў бөлмеде отыра турың. Хмм булардың екеўиниң гәпи еки басқа. Демек бир сыр бер. . . |
| **Даўранбеков** | - (шаққан киреди) Оғада әҳмийетли хабар әкелдим жолдас майор. |
| **Мәтмуратов** | - (қуўанышлы). Ал,ал айта бер? |
| **Дауранбеков** | - Щука есине келди. Ўақыя былай болған. . . |
| **ПЕРДЕ** | |
| **ЕКИНШИ БӨЛИМ, ТӨРТИНШИ КАРТИНА**<br><br>**Жайдың иши тәртипсиз жайластырылған. Перде ашылғанда шашлары өскен, мурты бқырма сақаллы, тури ап-аши Мамонт пенен Щука арақ ишип отырады. Олардың отырысы қолайсыз. Аўызларында сигареталары. Магнитафон бир жағымсыз намаға ойнап атыр.** | |
| **Мамонт** | -(қолын силтеп). Өшир ананы. Мың еситкенмен. (Щука магнитафонды өширеди). Қуй арағыңнан! |
| **Щука** | - Арақ питти атаман. Енди өзиңиз бир. . . |
| **Мамонт** | -Не өзим? Өзим алып келиўим керекпе еди? Сизлер не питирип журсизлер? Әнаў кунги тускен пуллар кайда? |
| **Щука** | - Маған бергениңиз қурттай ғой. Ярымын жезтырнаққа берип, Ташкентке ушырдыңызғой. Қалғанын қалтаңызға бастыңыз. . . |
| **Мамонт** | - Химмм, да! Көпир операциясын қолға алмасақ болмайды екен. Щука! Норка неге иркилип атыр? |
| **Щука** | - Келиўи керек. Мен оған машинаң менен кел деп едим. Айипақшы оның папасы курортқа кетипти. |
| **Мамонт** | - Мамасыше? |
| **Щука** | - Мамасы уйинде кусайды. |
| **Мамонт** | - Менде бир ой бар. Оны Норка келген соң сөйлесемиз. Сениң кемпир-ғаррың кашан келеди? |

| | |
|---|---|
| **Щука** | - Онлаған куннен келсе керек. |
| **Мамонт** | - Еле ўақыт бар екен. Сен еле хеш жерде ислеўди ойдамадың ба? |
| **Щука** | - Оны не кыламан? Оның устине мектеп питкерген аттестатым я дипломым болмаса. . . |
| **Мамонт** | - Гам жеме. Еле бәриде болады. Мен саған диплом таўып беремен. Сен оннанша милицияда ислей берсеш. . . Жаўдада бир достың болсын деген. Қалай көресең? |
| **Щука** | - Мени аларма екен? |
| **Мамонт** | - Аларма екен? Солда гәппе? Сени алмағанда кимди алсын? Күш десе кушиң бар жассаң. . . |
| **Щука** | - Ол жерге бурыннан таныспанғой. Баяғыда бир еки сапар тунеген едик . . . |
| **Мамонт** | - Дузелдим дейсең. Тәртипсизлик етпейсең. Бир-еки тапсырмасын орынлайсаң. Өзине исенимди арттырасаң. |
| **Щука** | - Ал өзимиздиң. топарға карсы қойса не кыламан? Сизлердиде тутып бере-берейинбе? |
| **Мамонт** | - Ҳә-ҳәй милиционерим, әстенирек! Биз сени өзимизди қорғаў ушын, жумысқа берип атырсақ, иштен шыққан жаў жаман болып турмасын. Ондай ўақта мениң ким екенимди билесен бе? |
| **Щука** | - Билемен. . . . |
| **Мамонт** | - Киммен? |
| **Щука** | - Бизлердиң арқа суйеримиз . . . |
| **Мамонт** | - Атым ким? |
| **Щука** | - Мамыт! |
| **Мамонт** | - Ким дедиң ? |
| **Щука** | - Мамонт! |
| **Мамонт** | - Хә жаңа имлаға келдиң. Мамонттың кандай хайўан екенимди билесең бе? |
| **Щука** | - Билемен. . . |
| **Мамонт** | - Киммен? |
| **Щука** | - Пилденде улкен. |
| **Мамонт** | - Пилде басың қалсын сениң! Мамонттың ҳәр тисиниң өзи бир метрден улкен болған. Мениң тисим ондай улкен болмаған менен, кандай бәле болсада шайнап таслайман.Усыны есинде сақла Щука! (сырта сигнал еситиледи) |

| | |
|---|---|
| **Щука** | - Норканың сигналы. (есикке жуўырады) |
| **Нурполат** | - Привет! |
| **Мамонт** | - Не жаңалық? |
| **Нурполат** | - Хеш кандай. . . |
| **Мамонт** | - Бос келдиң бе? |
| **Нурполат** | - Алып келдим. (Арақ ҳәм закускалар шығарады) |
| **Мамонт** | - Әне нағыз мужиксең! (Щука қуяды) Норканың саўлығы ушын. (ишеди) Бизлер сениң атынды Норка деп бийкарға қоймағанбыз ақыры. Норка деген сырты сулыў, териси жасыл, бирақ жаўыз тырнаўық болады. Сенде сондай болыўың керек. Сыртың пәкизе болсада, керек жеринде жулып алатуғын әдетиң болсын. Оқыўларың калай? |
| **Нурполат** | - Бир экзаменнен кулап калдым. |
| **Мамонт** | - Бир экзаменнен? . . . Неге бурынырақ айтпадың ? |
| **Нурполат** | - Бугин болды. |
| **Щука** | - Ерунда! |
| **Мамонт** | - Ерунда емес. (Норкаға) Ақша табылама? |
| **Нурполат** | - Ақша? Оны неге? |
| **Мамонт** | - Экзаменнен өтиўиң керекғой. |
| **Щука** | - Ақша берип журемизбе? Мине ақша! |
| **Мамонт** | - Сениң басың айланды ма? (Норкаға) Сен ақша тап! Өзим қойдырып беремен. . . |
| **Нурполат** | - Қанша керек? |
| **Мамонт** | - Арақ қуйсаңа Щука! |
| **Нурполат** | - Маған көбирек қуйып атырсаң ғой. |
| **Мамонт** | - Сен кеш келдиң дә. Ал сениң экзаменнен табыслы қутылыўың ушын ишейик. (ишеди) |
| **Щука** | - Акшасыз питкериў керек! |
| **Мамонт** | - (оған жаман көзи менен қарап) Ақшасыз? Несийеге маймыл ойнамайды деген гапти билесең бе? Сен жөнине отыр! (Норкаға) 500 доллар табылама? |
| **Нурполат** | - (қызып) 500 доллар! Тух,солда гәппе? Бизиң уйде канша ақша барын билесең бе? |
| **Мамонт** | - Биз кайдан билейик? |
| **Нурполат** | - Әкел қолынды! (олар шаппат урсады) Мен саған 500 долар әкелип беремен, ал сен экзаменнен өткересең. Келистикпе? |
| **Мамонт** | - Апаң береме? |
| **Нурполат** | - Мамамнан сорапта журмеймен. Мине. (сбернижкасын көрсетеди) Мынада 5 мың доллар бар. |

| | |
|---|---|
| **Мамонт** | - (көзи жанып кетеди) Ўой-бой сен өзи нағыз азамат екенсең ғой. Муғаллимниң атын айтып қой. |
| **Нурполат** | - Алым Адамбаевич деген сур бет. |
| **Щука** | - Оған ақша берип жалынғаннан ишин апарыў керек. |
| **Мамонт** | - (Щукаға) Сен қыза бермесе өйтип! (Норкаға) Тандырды қызғанда жап деген сөз барма усы? Так сол айтқандай, Норка сен ҳәзир 500 долларды алып кел! Мен соны қалтаға басып муғалимине барып кайтаман. Келистикпе? |
| **Нурполат** | - Болады (турады) |
| **Щука** | - Қайтарсын через гостроном. (Нурполат кетеди) |
| **Мамонт** | - Щука сен ақмақ адам екенсең. |
| **Щука** | - Не ушын? |
| **Мамонт** | - Жаңа неге мениң алдымды орай бересең? |
| **Щука** | - Алдымды орай бересең? Тусинбедим? |
| **Мамонт** | - Саған кашанғы тусиндиремен. Тур орныңнан! (Щука тура бергенде оны урады, ол жығылады) |
| **Щука** | - Не жазығым болды меннен? |
| **Мамонт** | - Гунанды билмейсең бе? Қашанғы сениң желкеңнен сүйреп журемен? Сени неше ирет әжел аўзынан алып калғанымды умыттың ба? |
| **Щука** | - Мен сонда не қылыппан? |
| **Мамонт** | - Сениң ақшаң жоқ. Ақша табыўға ебинде жоқ. Ал мен жаңа 500 доллар тусирейин деп турсам, сен оныда қызғанасаң! |
| **Щука** | - Мен муғаллимге бермеў керек деп атырман да? |
| **Мамонт** | - Ал мен соны муғаллимге беремен бе? Бир тыйынсыз қойдыраман, бир тыйынсыз. (арақ қуяды). Мә мынаны иш! |
| **Щука** | - Әйтеўир нәрсеге мени сонша урыўға. . . |
| **Мамонт** | - Сол әйтеўир нәрсеме? Сениң қалтанда қанша ақшаң бар? |
| **Щука** | - Ақшам жоқ. |
| **Мамонт** | - Ақшаң болмаса адам емессең. Жаңағы баланың қалтасын көрдиңбе? 5 мын доллары бар. 5000! |
| **Щука** | -Мениң әкем ондай бай адам емес. |
| **Мамонт** | - Сениң әкең онбаған. Кисиге қылаплылық қылмайтуғын ақмақ адам. Бир тапқаны бир тапқанына жетпейди. |
| **Щука** | - Әкеме тил тийгиз бе! |
| **Мамонт** | - Әкеңе тартсаң сенда оңбайсаң күшик. |
| **Щука** | - Жетер енди. (Щука оны шийше менен урмақшы болады Мамонт оны билип услап қалады.) |

| | |
|---|---|
| **Мамонт** | - Солайма? Мени урмақшысаң ба? (Оны урып жығады қалтасынан пышақ шығарады) Әжелиң меннен. |
| **Щука** | - Жооқ-жооқ, урма, өлтирме мени? |
| **Мамонт** | - Енди бәрибир сениң көкирегиңе тусиндим. Егер сени тири қойсам мени тутып береди екенсең. |
| **Щука** | - (жалынып) Мени өлтирме? Өмиринше кулың болайын! Не керек десең таўып берейин. Ата-анамның жалғызыман. |
| **Мамонт** | - Менде жалғызы едим. Бизлердиң ата-анаға керегимиз жоқ. Өз кунимизди өзимиз көриўимиз керек. Орныңнан қозғалма! (ол сыртқа шығып кетеди.Сол ўақытта Щука диванның астынан обрезин таўып алады. Мамонт киргенде оған оны гөзлейди) |
| **Щука** | - Қәне ким үстем? Мен саған қашанғы жалтақ боламан. |
| **Мамонт** | - (қорыққанын билдирмей) Щука, сен ақылынды жуттың ба? Сени мен өткир болсын деп қайрап атырсам… |
| **Щука** | -Қайрасаң өткир болғаным усы. Қәне дийўалға қарап тур! |
| **Мамонт** | -Мени тири қалдырсаң саған көп ақша беремен. |
| **Щука** | -Сенде ақша жоқ. |
| **Мамонт** | -Жаңағы ө мың долларше? |
| **Щука** | -Ол Норканың қалтасында. |
| **Мамонт** | -Сен мени атпай тура тур. Сол ақшаны екеўмиз бөлисип алайық. |
| **Щука** | -Оны қалайынша аламыз? |
| **Мамонт** | -Ҳәзир Норка келеди. Келген соң усы мылтықты соның өзине гөзесек, сөзсиз ақшаны кассадан алып келеди. Кейин оның ақшасын сыпырып аламызда, Норканың өзин дәрьяға атып жиберемиз. |
| **Щука** | -Әке мына ақылың болады. Қолынды әкел.<br>(мылтығын қояды қол алысады) ө мың доллар. |
| **Мамонт** | -(арақ қуйып) Қәне табысымыз ушын. |
| **Щука** | -Жаңағыларды кеширгейли болсын? |
| **Мамонт** | -Ерунда! Ҳәзир Норка келген соң, сен бул жерден табанынды тайдырып тур. Ол машынасы менен жүрген шығар? Ҳәзир Норка келгеннен соң, сен машынасын минип муғаллимине барып қайтаман деп, 500 долларды қолтықлап шығып кетесең. |
| **Щука** | -Мениң не зыяным тийеди? |
| **Мамонт** | -Сен бузып аласаң? Мениң айтқанымды қыла бер. |
| **Нурполат** | -(асығып киреди) Мине, келдим. |

| | |
|---|---|
| **Мамонт** | -Әкелдиң бе? |
| **Нурполат** | -Аўа. (береди) |
| **Мамонт** | -(ақшаны Щукаға зыңғытады) Ал жап, муғаллимин таныйман деп отырсаң ғой. Түсиндирип айт. Норканың басқа экзаменлеринеде жәрдемлесетуғын болсын. |
| **Щука** | -Үйи алысғой. |
| **Нурполат** | -Ҳаў сен машын айдаўды билесенғой, мә! (гилтти береди) |
| **Мамонт** | -Өзиң нағыз азаматсаң-аў Норка. (Щука кетеди) Мә мынаны жутып жибер. (арақ береди) |
| **Нурполат** | -Көп болып кеткен жоқпа? (ишеди) |
| **Мамонт** | -Мынаны көрждиң бе? (мылтық көрсетеди) |
| **Нурполат** | -(қорқып) Оны не қыласыз? |
| **Мамонт** | -Ҳәзир сени өлтиремен. |
| **Нурполат** | -Не ушын? |
| **Мамонт** | -Яқшы әўел келисип алайық. Сен қалған, 4 ярым мың долларды, ҳәзир әкелип мениң қолыма саласаң. |
| **Нурполат** | -Оны не қыласыз? |
| **Мамонт** | -Ақшаны не қылатуғын еди гешше? |
| **Нурполат** | -Бере алмайман. |
| **Мамонт** | -(мылтықты гөзлеп) Бере алмайсаң ба, онда өмириң менен хошласа бер. |
| **Нурполат** | -Атпа, атпа? |
| **Мамонт** | -Алып кел деймен! |
| **Нурполат** | -Болады, болады. |
| **Мамонт** | -Жолда қыйсықлама! Егер мени тутып беретуғын болсаң, тухымың менен қуртып жиберемен. Ал егер уйиңнниң иши бул ақшаны қайда жиберди десе не дейсең? |
| **Нурполат** | -Уйде бир дипломат доллар бар. Орнын толтырып қояман. |
| **Мамонт** | -Қәне тез қыймылда онда! (Нурполат кетеди) Норканы Аман қалдырыўым керек. Уйиндеги бир дипломат долларды қолға түсириўим керек. Ал мына Щука. Щука аяққа тусаў болмаса болар еди?... (Машин даўысы) |
| **Щука** | -(албырап киреди) Атаман, қурып қалдым?! |
| **Мамонт** | -Не өзи? |
| **Щука** | -Машинам менен велосопедли баратырған бир қызды бастырып алдым… |
| **Мамонт** | -Не дейсең? |
| **Щука** | -Бирақ ҳеш ким көрмегендей еди. |
| **Мамонт** | -Куппа-кундиз ҳеш ким көрмей турама? Машинаның |

| | |
|---|---|
| | номери белгили ғой. Бағанағы доллар қәне? |
| **Щука** | -Усы доллары да қурысын. (ылақтырады) |
| **Мамонт** | -Неге ылақтырасаң жарымес. Сен ақмақтың кесири мағанда тийеди енди. |
| **Щука** | -Жетер! Өз қайғымды аз емес. |
| **Мамонт** | -Сени қайғыдан қутқарайын. (Оның басына темир менен урады) Бәрибир сен келе болмайсаң. (Щука қулайды, оны диванға уйқлап атырғандай етип жатқарады) Ҳм, мениң менен ойнағың келип еди-ә. Енди Норканың уйин тынышландырып қойсамба екен. (телефон номерин тереди) Алло-алло. Мама... |
| **Телефондағы даўыс** | -Нурполатсаң ба? |
| **Мамонт** | -Мен, аўа Нурполатпан. |
| **Даўыс** | -Қаяқта жүрсең шырағым? |
| **Мамонт** | -Бүгин уйге бара алмаспан. Гүлсара деген қыздың уйинде сабақ таярлап атырман. |
| **Даўыс** | -Аман болсаң болар балам. |
| **Мамонт** | - Қәўетерленбейақ қой мама, яқшы! (трубканы қоя) Бул жағында қатырдым. Айтпақшы машынды тығыў керек. Оны излеп милиция хызметкерлери келип қалар. (Гилтти излейди) (Шығып кетеди машина даўысы еситиледи. Қайтып келеди). Норка! Норка! Сени не қылсам екен э? Абзалы сениң бир дипломат долларынды қолға тусириейин, кейин өзиңниң гуминди шегемен. (Нурполат киреди) |
| **Нурполат** | - Алып келдим! |
| **Мамонт** | - Нағыз азаматсаң, молодец! |
| **Нурполат** | - (ақшаларды берип. Щуканы көрип) Мынаў не қылып атыр? |
| **Мамонт** | - Эй арақтан тарта берип мәс болып калды. Айпақшы қутлықлайман, экзаменинди қойдырып келди. |
| **Нурполат** | - Машинам көринбейме? |
| **Мамонт** | - Машинаң гаражда. Балонын жарып алыпты. Ҳәзирше тура турсын. Мә мынаны қағып жибер. Ақ түйени көрдиң бе? |
| **Нурполат** | - Түсимдеде көргеним жоқ. |
| **Мамонт** | - Ха-ха-ха! Жарайсаң, Норкам мениң! Бир дипломат бaксты да әкелесең! |
| **Нурполат** | - Оған тиймең?! (Мамонт мылтықты гөзлейди) |

<table>
<tr><td></td><td></td></tr>
<tr><td colspan="2">ПЕРДЕ</td></tr>
<tr><td colspan="2">БЕСИНШИ БОЛИМ. БЕСИНШИ КАРТИНА<br>Ушинши картинаның даўамы. Сахнада Мәтмуратов пенен Дауранбеков.</td></tr>
<tr><td>Мәтмуратов</td><td>- Минекей, кимниң қылўасы екени мәлим болды.</td></tr>
<tr><td>әранбеков</td><td>- Бес мың доллар қалтасына тускеннен кейин Мамонт Нурполатты да өлтирип, бир жерге тығып кетпесе болар еди . .</td></tr>
<tr><td>Мәтмуратов</td><td>- Ал, аэропорттан ушқан ким? Я, Мамонт сол Норкаңның паспорты менен ушып кеттиме екен?</td></tr>
<tr><td>Дәранбеков</td><td>- Солай болыўы да мумкин.Бирақ, излеўши ийтлеримиз Чудактың уйинен тупа-туўры Тасполаттың уйине келди де, кейин аэропортқа тартты. Усы жерде изден адасты.</td></tr>
<tr><td>Мәтмуратов</td><td>- Жиберилген суўретлердиң ишинде Мамонттың-әм суўрети барма еди?</td></tr>
<tr><td>Дауранбеков</td><td>- Бар ғой. Ол бизиң ақыйық болып қалған адамымыз емеспе ? Мамыт деген әнендей атты Мамонт деп қойғанына кара доңыздың.</td></tr>
<tr><td>Мәтмуратов</td><td>- Онда Минводаға қосымша телефонаграмма берилип, жынаятшының баслысы Мамонт екенин ескертилсин.</td></tr>
<tr><td>Даўранбеков</td><td>-Әжеп болады.</td></tr>
<tr><td>Мәтмуратов</td><td>-Тасполаттың ҳаялы менен сөйлесе алдыңыз ба?</td></tr>
<tr><td>Даўранбеков</td><td>-Ҳаялдың жағдайын көрдик. Лекин, жарасын сылтаўлап, бизиң саўалларымызға жуўап бериўден бас тартты. Ҳеш қандай жуўап ала алмадым.</td></tr>
<tr><td>Мәтмуратов</td><td>-Бүгин жуўап бермеген менен ертең жуўап береди ғой. Бағана сизиң жигитлер тағы еки саўдагерди услап әкелди. Олардан да көп нешше мың муғдарда товарлар табылған.<br>Тергеў ўақтында олар да бул затларды Алламбаевтың саттырып қойғанын мойынлады. Протоколға усылардың ҳәммесин дизип, ертең қамаўға аламыз. Ертең қоңсыларын шақырып, уйине тинтиў жургиземиз.</td></tr>
<tr><td>Даўранбеков</td><td>-Тусиникли, жолдас майор!</td></tr>
<tr><td>Мәтмуратов</td><td>-Яхшы, рухсат! (Дәўранбеков шығады, Шернияз киреди)</td></tr>
<tr><td>Шернияз</td><td>-Мумкин бе, жолдас начальник?</td></tr>
<tr><td>Мәтмуратов</td><td>-Келиң! Отырың.</td></tr>
<tr><td>Шернияз</td><td>-(отырып) Мени қудай урып, сизди алдадым.</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| **Мәтмуратов** | -(Шерниязға бир кесе чай береди) Адасқанның айыбы жоқ, қайтып уйирин тапқан соң деген, иним. |
| **Шернияз** | -Сум-сумды намазшамда табады дегендей, мен шофер болып ислеп журип едим. Бир кунлери усы Тасполат ағаның уйине гарнитур жуклеп әкелдим. Сонда ол киси ақ көкирекленип отыр екен, билмеймен ненин қуўанышы, мени тунде бирге бол деп жибермей қалды. Көп отырдық, арақ иштик, сорастық. Екеўмиз руўлас болып шықтық. Көп узамай кишкенелеў бир дукан берди. Соң ҳәзирги дуканға басқарыўшы етип тайынлады. Қалған жағы өзлериңе мәлим. Мен ҳақыйқатын айттым, не қылсаңларда қайылман. |
| **Даўранбеков** | -Мм… солай де! Бир дипломат доллар қаяққа кеткен деп ойлайсан. |
| **Шернияз** | -Әй, қәйдем… Ҳаялы да, куйеўиде билмейди. Егер өтирик жоқ болғанда ийитке таланарма еди? |
| **Мәтмуратов** | -Саған, расын айтқаным ушын рахмет! Кете бериўиңизге болады. (милиция капитаны киреди) |
| **Милиция капитаны** | -(қолында телеграмма) Минводадан қыстаўлы телеграмма алдық, жолдас майор! Қаладағы парктиң бир қуўысынан Нурполат Алламбаевтың өлиги табылыпты! |
| **Шернияз** | -Тасполат ағаның баласыма ?! |
| **Мәтмуратов** | -(басын услап қалады) Ох, сен еле кетпеппе единң? Ҳәзир уйиңе қайтта былай-былай шықпай жат! Буны еле ҳеш кимге айтыўшы болма! (Шернияз шығып кетеди) |
| **Милиция капитаны** | -Мамонтты излеў даўам етип атыр екен. |
| **Тасполат** | -Мумкин бе? |
| **Мәтмуратов** | -Келиңиз (Тасполат киреди. Мәтмуратов отырғыш нусқайды. Тасполат отырады.) |
| **Тасполат** | -Жолдас майор, сизиң менен қупыя әңгимем бар еди. |
| **Мәтмуратов** | -Тәнҳә екеўмиз қалыўымыз керек пе? |
| **Тасполат** | -Аўа. |
| **Мәтмуратов** | -(капитанға) Яхшы, сиз бара турың. (ол шығады) Ал, қулағым сизде. |
| **Тасполат** | -Жолдас начальник, баламды аман алып қалыўға жәрдемлесиң. Мынаны алың аз да болса көптей көрип… (қағазға ораўлы ақша шығарады) |
| **Мәтмуратов** | -Қанша? |

| | |
|---|---|
| **Тасполат** | -10 мың доллар! |
| **Мәтмуратов** | -Сизде пул көп екен ғой, балаңыздың қунына усы болғаныма? |
| **Тасполат** | -Егер аман алып қалсаңыз тағы беремен! |
| **Мәтмуратов** | -Яхшы. (ақшаны алып сейфине салады) Анық 10 мыңба! |
| **Тасполат** | -Аўа! |
| **Мәтмуратов** | -Бул енди мәмлекеттиң ақшасы болады. Сиз бурынғы айыпларыңыздың устине тағы биреўин жамадыңыз. Пара бериўиңиздиң өзи улкен жынаят. |
| **Тасполат** | -Өйтпең, енди… |
| **Мәтмуратов** | -Өз қолым менен мәмлекетлик банкке тапсыраман. |
| **Тасполат** | -Солайма? Сеннен алып қалмақшысыз ба? Түсиникли! Мен-әм әнейи адам емеспен. Баланды қутқарып қаламан деп меннен пара алды деп министриңе айтаман! |
| **Мәтмуратов** | -Айта бериң. Мине, кунимененги айтқанларының бәри мыңада сайрап тур. (микромагнитафонды көрсетеди) |
| **Тасполат** | - Ах! |
| **Мәтмуратов** | - (Трубканы көтерип, трупканы қояды) Солай де жолдас Алламбаев! Сизге бир нәрсени айтыўым мумкин. Қызды машинаға бастырған басқа адам болып шықты! |
| **Тасполат** | - Солайма? Айттым ғой, бизиң баладан ондай шийкилик шықпайды. Машинаны айдаўды жақсы биледи-дә! |
| **Милиция Капитаны** | - Мумкин бе майор. |
| **Мәтмуратов** | - Мынаў киси жаңа маған параға 10-мың доллар әкелип берди.(сейфтан алып стол устине қояды. Тасполат умытылып алмақшы болғанда Мәтмуратов оған тәртип береди). Тыныш отырың! Жолдас капитан, усылардың нөмерлерин Бирме-бир көрсетип акт жаса! |
| **Тасполат** | - Қайтарып бериң! Ақша меники!! (Албырақлаған Дауранбеков киреди) |
| **Дауранбеков** | - Өрт, жолдас майор! |
| **Мәтмуратов** | - Не қылған өрт!? |
| **Дауранбеков** | - (иркилип қалып Тасполатқа қарай береди) Өрт. . . |
| **Тасполат** | - (Гуманланып) Бизиң үйдеме? |
| **Мәтмуратов** | - Айта бер! |
| **Дауранбеков** | - Баласының қайтыс болғанын кимнен болса да ҳаялы еситип, жинли болып кеткен. Сөйтип, ол емлеўханадан қашқан да уйине келип от берип жиберген. |

| | |
|---|---|
| **Тасполат** | - Бизиң ҳаялма? Айтыңларшы, бизиң бала өлген бе?! |
| **Дауранбеков** | - Ҳаял иште жанып кетти. Өрт сөндириўшилер келген менен қутқарыўдың илажы болмады. Гаражында еки бочка бензин бар екен. |
| **Тасполат** | - Бизиң уй жанған ба? Ҳаял да, бала да өлген бе? (Талып қалады) |
| **Дауранбеков** | - Жолдас капитан, бетине суў себиң! (Тасполаттың бетине суў бүркиледи) |
| **Тасполат** | - (көзин ашып) Ўах! Маған суў бериң. . . жоқ, жоқ, уў бериң!!! |
| **Мәтмуратов** | - Мине ақшаның қурбанлары!. . . |

**ПЕРДЕ**

## ЭПИЛОГ

Прологтағы қос қәбир: Бул жерде эпилогтың тексти запись арқалы бесинши картинада қолланылады.

| | |
|---|---|
| **Әкеси** | - Не болды балам? Бунша әбигерленип?<br>Не маңлайың қурып қалды қулыным? |
| **Тасполат** | - Әке, маған үйретпепсиз,<br>Тәғдир соқпағының гедр будырың.<br>Мен дуньяға қул болып қарамаппан ҳеш,<br>Алдымда жар барын көрмеппен ҳасла,<br>Барлық бахыттыда абрайды да,<br>Аларман деп едим ақшаға жаўлап,<br>Бәрин ақша шешпейди екен әкежан,<br>Ақшаданда алтыннанда уллырақ,<br>Адамгершиликти умытыппан мен! |
| **Әкеси** | - Бийкар! Адамгершиликте ақшаға келер! |
| **Тасполат** | - Әке, өз перзентинди,<br>Қалдырып кетипсең сенниң үстинде,<br>Неге басқалардай бола алмадым?<br>Неге керек еди ақша мал дунья?<br>Ҳадаллық мектебин өтпедим неге? |
| **Әкеси** | - Енди өкиништен пайда жоқ балам<br>Жер устинде саған орын қалмапты,<br>Енди сен егленбей келеғой мында, |

| | |
|---|---|
| | Әкеңниң қасына о дуньяға кел?<br>Сонғы ўасиятым сонғы миратим.<br>Балам о дуньяға кел! Тезирек кел?! |

ПЕРДЕ